


# POUKISA NOU PA YON DENOMINASYON?

 Mwen privilejye pou retounen isit la sou chè sa ankò, apre apeprè, m kwè, prèske twa mwa absans. Ekirèy yo te gen on tan difisil, se konsa pou mwen tou. O, malgretou, sa te yon detant, kounye a, ou santi plis tankou w ap reprann sèvis la ankò. E kounye a mwen espere kòmanse semèn k ap vini an, mèkredi swa sa k ap vini an, on—on revèy isit la menm nan tabènak la. E si Bondye vle, m gen on jan de . . . Seyè a pwomèt mwen on nouvo jan de ministè ki diferan. E si sa ap fè L plezi pou fè sa, mwen espere kòmanse nouvo jan sèvis sa—sa semèn sa k ap vini an, isi a nan tabènak la, kòm premye kote.

<sup>2</sup> E apre sa, m pa gen okenn reyinyon ki planifye, sinon jis sa ann Ostrali ak Nouvèl Zeland yo, janvyè sa k ap vini an. Epi Frè Osborn ta renmen nou gen yon reyinyon ansanm ke m te on jan pwomèt li isi a sa fè kèk tan, nan Tulsa, on ti jan pita, men nou pa fin sèten de sa ankò.

<sup>3</sup> Sa te sètènman byen, Frè Jeffreys, pou m te ba w lanmen dèyè a la, epitou pou t ap tandè pitit gason w ap chante kantik sa, e ou menm ap jwe. M te byen renmen sa, papa ak pitit. Èske nou pa renmen sa? “Elve on timoun nan chemen li dwe swiv.” Se byen, Mesye Guenther, ou—ou konnen ke se byen, nou toulède. “Elve on timoun nan chemen l dwe swiv, kan li va pi gran li p ap kite l.” E sa se vre. Sa ka rive pafwa li ka elwaye l de sa, men sa p ap kite l. Ou wè? Sa va—sa va toujou rete avè l. Antrennman depi nan piti sa ak tout sa yo te elve l pou fè a, sa va—sa va rete avè l se sèten. Bon, sa se . . .

<sup>4</sup> M te rankontre Frè Jeffreys deyò a la, m te di: “Frè Jeffreys . . .” M kwè, ou konnen, m toujou kontan wè nenpòt nan Frè m yo vin vizite, men ala yon sware pou on frè vin vizite! Sa se sware kote se jis moun ki regilye nan tabènak la, jis anvan revèy sa. Sa se sware a . . . Nou vle pran aswè a, ak demen maten, e demen swa, jis sou sa nou kwè isi a nan tabènak la, pou—pou pratike l ankò e ankò. Nou gen kèk kwayans biza ki tèrib, trè etranj, men yon fason oswa yon lòt nou jwenn yo nan Bib sa. Yo ta sanble yo trè byen la.

<sup>5</sup> E kounye a, si ta gen on frè ou on sè etranje anndan la, ki fè pati de on denominasyon kèlkonk, ou—ou ki pa dakò, jis ret chita sou sa pou aswè a, nou vle w konnen ke w byenvini pafètman. Ou wè, ou byenvini otan ke sa posib. Men kounye a m espere . . . E nou rann sa vrèman difisil. Kifè si li sanble ke w pa dakò ak sa, ebyen, bon, ou va fè tankou m lè m ap manje tat ak seriz. Lè m ap manje

tat ak seriz, se sa m pi renmen, mwen toujou, kan mwen . . . Kan m ap manje tat la, si m tonbe sou on ti grenn semans, m pa voye tat la jete. M—m jis jete semans lan pou kontinye ap manje tat la. Kifè, se tankou manje poul. Bon, nou tout nèt renmen poul, ou wè. Lè w tonbe sou on zo, ou pa sispann, ou jis pase a kote zo a pou kontinye ap manje poul ou. Enben, se fason sa pou fè aswè a, se sa m ap di la, ou jis . . . kan w tonbe sou on bagay, ou di: “Bon, mwen—mwen pap . . . M ap jis chita sou sa, kòm si se te Doktrin on ti legliz, pandan twa pwochèn reyinyon sa yo. Yo jis on jan ap pratike sa yo—sa yo kwè, pou ap revize l.”

<sup>6</sup> Epi sèl fason w ka prèske fè on moun kwè Sa, se anfonse l tèlman fò jouk yo dwe konnen ke Sa se bagay ki kòrèk la. Sa se sèl fason ou ka rann li fèm. Se jis tankou on zanmi m, Mesye Wood ki te avè m; si w jis antre on klou a mwatye, epi fèy playwoud la pa sere, van an ap fè l tonbe byen vit. Men ou dwe anfonse l pou l antre, pou fè l rete fèm. Kifè kounye a si m te jis rann sa vrèman tranchan kèk nan pwèn sa yo, pou nou menm vizitè yo ki chita la aswè a, Mwen p ap—mwen p ap eseye voye w jete. M jis ap eseye byen anfonse l pou legliz lakay sa bagay nou kwè. Tout moun ki byen konprann sa kounye a, di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Dakò. Se—se bon. Kounye a ke m fin livre sa. Epi la—la . . . Yo ap anrejistre l, ak bagay konsa, konsa pita, si yo te vle dekouvri alò sou kisa nou vrèman pran pozisyon, e sou kisa nou kanpe fèm, anrejistreman sa yo va di l. Kifè nou fè sa detanzantan, paske gen nouvo moun k ap vini apre—apre nou kontinye. Bon nou p ap kapab pase sou tout Doktrin legliz la, men jis kèk nan yo ke nou vle pale sou—sou yo. Epi la, mèkredi swa, konsa, pou kòmanse . . .

<sup>7</sup> Bon, lendi ak madi, m ap pati, pou al priye, pou prepare m pou sèvis gerizon an. Ou ka branche pa telefòn, oswa nenpòt jan w vle l la, epi mennen moun nou vle, pou revèy k ap vini an. Epi di yo pa vini ap kouri kounye a, pa bezwen vini, ap di: “Enben, bon m pral depeche m pou yo ka priye pou mwen, aswè a. Epi demen swa, tou sa se . . .” Ou pa bezwen fè sa. Ou ka vini pou tande on tikras, paske nou vle pran tan nou pou prezante Pawòl sa sitèlman klè ke dyab la p ap menm gen on ti espas tou piti pou l ta menm bouje. Apre sa lè w va kite fwa w ale jouk li bout, jiskaske w va kòmanse kwè, lè sa kite sibkonsyan w ale an aksyon, alò fwa Bondye va soutni l. Lè sa a w ap kapab soti. Ou wè?

Paske, fwa pa w p ap fè gran choz. Sibkonsyan w dwe ap bouje nan direksyon fwa w prale, apre sa fwa Bondye a va soutni l pou konfime l nèt. Ou wè? Men, si se fwa pa w: “O, wi, m byen sezi l kounye a!” Menm sibkonsyan w, va ap gwonde la, ap di: “M ap mande m si sa ap mache pou mwen.” Li p ap fè l, menm kote a. Ou wè? Kifè nou vle pou sa ka on reyèl sèvis gerizon. E anvan m fè on sèl moun antre nan pyès la, ak bagay konsa, pou gerizon, oswa nouvo sèvis sa, M vle yo reyèlman konprann

poukisa yo pral vin la. Kifè jis sonje, epi vin vizite nou, e nou va kontan genyen w.

<sup>8</sup> Bon sonje, kounye a, nan maten, nou pral kontinye ak Doktrin legliz la. E menm bagay la demen swa. Bon n ap byenvini si nou la, e nenpòt moun ka vini. Nou toujou kontan wè tout moun. Men pou kounye a, aswè a, sa adrese a moun lakay ki fè pati tabènak la isi a, ki—ki grandi nan Doktrin sa. Paske, deyò a nan chan an, chan evanjelik la, nou jis pran vrè Doktrin Lèzekriti ki fondamantal, evanjelik. Men isi a nan tabènak la, nou gen pwòp panse nou ak pwòp kwayans nou, antan ke—antan ke—antan ke legliz, e se sa nou pral revize, aswè a.

<sup>9</sup> E anvan nou louvri Pawòl beni Li, èske n pa ka jis koube tèt nou pou on moman priyè?

<sup>10</sup> Bondye pwisan e Toupwisan an, Ki, anvan mond lan te menm kòmansé t ap toubiyonnen otou premye atòm li, Ou te Bondye. Ou pa chanje on ti zing. E menm lè p ap gen atòm ankò pou soutni l, menm lè p ap gen mond ankò pou kenbe l, Ou va toujou Bondye. Ou egziste pou letènite, e nan letènite. Ou se Bondye. Ou pat janm te gen on kòmansman jou, ni on fen lavi. Ou va toujou la. E, Papa, poutèt Ou enfini, e nou menm nou limite, alò nou mande W mizèrikòd Divin Ou, Bondye, konsyan ke espri pa nou dwe fonn nan Letènite, pou kite eleman tan yo, antre nan Letènite. Kidonk, Seyè, nou isit la pou tcheke kondisyon sali nou, pou wè kijan nou kanpe fas a Pawòl Ou, e pou nou wè ki jan nou ye nan eksperyans pa nou. Èske n ap viv dapre sa ki fè W plezi? Èske lespri pa nou rann temwayaj a Lespri pa W? E èske ansèyman nou yo rann temwayaj pou Bib sa? Epi, Papa, ke nou ka egzamine toulède, seryezman, pandan twa pwochen sèvis k ap vini yo. Akòde l, Seyè.

<sup>11</sup> Beni pastè a isit la, dyak yo, administratè yo, ak tout layik yo, moun ki ap frekante legliz sa. Depi m te kòmansé isit la, Seyè, gen anpil, anpil ke m pa menm konn non yo, oubyen kote yo soti, men mwen sèten ke Ou konn tout bagay konsènan yo. E nou isi a pou sèl rezon sa, aswè a, Seyè, pou fratènize alantou Pawòl ekri a. Bannou Sentespri a nan vi nou, pou nou ka rete nan lapè, nan vijilans, e nan krent Bondye, pou ap egzamine vi nou ak Pawòl Li. Akòde l, Seyè.

<sup>12</sup> E nan bilding sa, aswè a, Seyè, men frè m yo ki nan diferant etap legliz la—la. E, Seyè, m si tèlman gen rekonesans poutèt yo isit la ap fratènize. Petèt nou ka pa dakò sou kèk ti prensip Doktrin. Men sou sèl gran prensip majè sa, nou kanpe antan ke frè ki ini k ap avanse. O Bondye, ke sa ranfòse fratènite nou—nou yo, epi. . . epi ke lyen gras ak lanmou Bondye ka repoze sou nou anpil anpil. Kounye a, nou reyalize, Seyè, ke sa se yon travay ki twòp pou yon sèl moun fè, paske nou pran an konsiderasyon isit la, aswè a, destinasyon nanm ki lye ak Letènite. Kifè nou priye ke Sentespri a antre dirèk nan Pawòl la, pou devwale L

epi eksplike L nan Pwòp fason pa L, pou nou, bagay Li vle nou konnen yo. Akòde l, Seyè. E kan twa . . . dire sèvis yo va fini, ke nou ka ale tankou yon legliz fòtifye, ini ansanm, pou mete kè nou ak vize nou tout ansanm, avèk kanmarad sitwayen Wayòm Bondye a, pou ap avanse jan l pat janm ye anvan.

<sup>13</sup> M vle remèsye W, Seyè, isi a nan prezans legliz la ak—ak moun yo ki isit la, poutèt Ou te ban m kèk semèn bon repo. M santi m nan on kondisyon mèveye aswè a akòz Prezans ak benediksyon W. O Bondye, nou priye pou frè nou isi a, frè nou yo ki pral lòt bò dlo, jiskanba nan peyi sonb, ak tenèb sa yo, kote pwòp vi yo an danje. O Seyè, beni frè nou Frè Jeffreys alòske li va ale, ak pitit gason l, ak madanm li, e fè l tire gwo benefis. Ke l ka fè gwo twou atravè tenèb yo jiskaske Limyé Levanjil la va briye an longè e an lajè. Koute nou, Papa, paske nou mande rekèt sa nan Non Seyè Jezi, Pitit Ou. Amèn.

<sup>14</sup> Bon, aswè a, pandan m ap li nan Bib Scofield ak ti lèt piti mwen an. M fenk depase vennsenkan, sa pa fè lontan. E m toujou kapab li ladann, men lèt yo ap vin pi twoub. Kifè m te pwokire m yon pè linèt pou li lè m ap fè etid, m pral wè kouman sa mache aswè a, pou premye fwa.

Kounye a m gen sijè, tankou, sa: “Èske Legliz . . .” O, anpil bagay, si nou reyisi rive ladan yo. Youn nan yo: “Poukisa yo rele nou Legliz? Poukisa nou pa yon denominasyon? Poukisa—poukisa nou kwè nan sekirite Etènèl nanm kreyen an? Poukisa nou kondane fanm predikatè yo? Poukisa nou batize pa imèsyon? Epi èske Legliz ap pase atravè Tribilasyon?” E anpil nan sijè sa yo la, m kwè m gen kenz oswa dizuit nan yo, pou kèk pwochen sware yo.

<sup>15</sup> Kifè m t ap panse, aswè a, kòmanse avèk, pou kòmanse avèk, sanble Seyè a mete sou kè m jis sijè sa, a . . . *Poukisa Nou Pa Yon Denominasyon?* Rezon ki fè ke . . . Bon, nou pa gen anyen kont lòt moun yo ki nan denominasyon. Nou pa gen anyen kont yo, men m vle eksplike poukisa nou pa t janm antre nan okenn denominasyon. Yo te òdone m nan yon ti legliz Batis, jan nou konnen an. E Batis se pa yon denominasyon, li pat sa, jiska tou dènyèmman, e kounye a li vin jis yon denominasyon menm jan ak lòt rès yo. Men, rezon kifè nou pa t janm vin yon denominasyon . . .

<sup>16</sup> Bon, nou se yon òganizasyon. Nou se yon òganizasyon, anrejistre isit la, nan—nan tribinal, antan ke yon òganizasyon, on gwoup moun ki òganize yo ansanm pou adore Kris, men nou pa nan yon denominasyon. Pa gen moun ki pral domine sou nou, ou wè. Se pa yon denominasyon. Se—se jis yon òganizasyon, yon fratènite pami kwayan Kreyen yo. Moun yo vin isit la nan legliz la. E sa vin legliz lokal yo si yo swete vini, osi lontan y ap viv.

<sup>17</sup> Yo ka vin isi a epi pa dakò ak tout sa nou preche. Se pafètman annòd. Osi lontan ou se yon Kreyen, ou toujou, ou nan fratènite,

ak yon men ki lonje menm jan an ak rèz lòt yo. Ou wè? Si m di mwen kwè nan batèm pa imèsyon nan dlo, e oumenm ou kwè nan aspèsyon, e ou rete fèm ak sa, nou t ap toujou jis menm lan kòm si nou te dakò toulède. Nou petèt pa ka wè menm jan je pou je, parèy. Men osi lontan ou se yon frè oswa yon sè Kreyen, nou byenvini pafètman, ou wè, tout moun.

<sup>18</sup> Kifè nou pa gen ankenn denominasyon, paske m panse ke denominasyon brize fratènite. Kèk nan yo va di: “Ebyen, nou pa gen anyen pou wè ak revèy sa. Sa se revèy Metodis.” “Ebyen, sa se Batis. Nou pa gen . . . Nou se Metodis. Nou pa gen anyen pou wè ak sa.” Frè, si Kris ladan l, nou gen—nou tout dwe gen pou wè avè l. Nou dwe mete pa nou . . . Se—se Kò Kris k ap—k ap soufri. E m konstate sa anpil nan peyi a jodi a, pou jan ke nou genyen . . . Kounye a, Kris pa t janm, a oken moman, janm òganize okenn legliz denominasyonèl. Bon, ke sa ka bay asirans tout bon.

<sup>19</sup> Bon, kounye a, m pral mande w demen swa, si nenpòt nan bagay sa yo ke w vle konnen yo, tankou kèk istwa ke m ap site, oswa on lòt bagay. M jis pa gen tan pou fè yon bon rale sou sa, m pa t ap pase a yon lòt sijè, paske ou ka pase dè semèn sou menm sijè sa. Men si w vle gen referans lan, nenpòt bagay la, jis mande m, epi plase l anwo isit la sou—sou chè a, e m va reponn li pou ou.

<sup>20</sup> Kounye a, pi ansyen denominasyon, e premye legliz denominasyon ke nou te janm genyen, se legliz Katolik. E li te òganize sa fè twasan kèk lane apre lanmò dènye apot la. E se vre. W ap jwenn li nan ansyen Pè Niseyen yo, e w ap jwenn li nan ekri Josephus yo, epi, o, anpil nan—nan gran istoryen yo. Ou wè? E osi lontan ke nan—nan . . . nenpòt nan aj legliz yo, desann jouk lè lanmò dènye apot la, epi twasan lane depi tan apot yo, pa t gen okenn legliz denominasyon. E Katolik se te premye pami legliz denominasyon yo.

<sup>21</sup> E legliz Pwotestan se denominasyon yo ki te soti de yon denominasyon. Premye refòm lan te vini, se te Luther; apre Luther Zwingli te vini, apre Zwingli Calvin te vini, e jis t ap desann konsa. E jouk nan Revèy Wesleyen an, ap desann rive nan Alexander Campbell, John Smith, ak kisa ankò, ou wè, kontinye ap desann. E dènye mouvman nou genyen la se diferant etap aj Pannkotis la.

<sup>22</sup> E mwen kwè Bondye te trete ak chak aj. Men èske w te janm remake sa, chak fwa yon legliz te janm echwe, e osito ke yo te vin yon denominasyon yo te kòmanse tonbe drèt la? E kèlkeswa lè yo tonbe a, Bondye pa janm leve legliz sa ankò. Li kontinye al dwat nan semans lan. Bon ou jis . . . si w vle konn istwa sou sa, nou—nou ka bay li, ke—ke okenn legliz, jamè nan istwa legliz yo, okenn denominasyon te janm tonbe pou l te janm leve ankò. Batis, Metodis, Presbiteryen, Literyen, kèlkeswa sa l ka ye a, kan yo te tonbe, yo te fini. Bon, se vre. Bon, sa a, M—m ap mande w

kounye a, pou mete kostim ou sou ou, paske nou pral di sa sèk. Ou wè? Pa janm genyen, yon sèl fwa. Lè yon nonm te soti antan ke yon endividi pou òganize yon legliz, se te kòmansman.

<sup>23</sup> Bondye trete avèk endividi, pa avèk denominasyon. Bondye nan okenn laj pa t janm trete avèk yon denominasyon. Li te toujou trete avèk yon endividi. Nan Ansyen Testaman, Li te trete avèk endividi. Nan Nouvo Testaman, Li te trete avèk endividi. Nan tout aj, Li toujou trete avèk endividi, e pa avèk denominasyon yo. konsa, kidonk, si Bondye pa nan denominasyon, ki itilite pou m gen anyen pou wè ak sa antan ke denominasyon? Kounye a, mwen p ap pale sou moun yo ki nan denominasyon sa, m ap pale konsènan denominasyon an limenm, paske pèp Bondye a nan tout denominasyon sa yo.

<sup>24</sup> Kounye a, Bondye pa janm pèmèt anyen rive san L pa bay yon avètisman sou sa. M pa kwè gen anyen ki . . .

<sup>25</sup> Bon, tankou nou gen kesyon ki soti, nan legliz yo, tankou dènyèman nou te gen youn ki te pale de san ak lwil, elatriye. Nou okouran de lèt “Chè Frè Branham” lan, elatriye. Men rezon kifè m kanpe kont sa, se paske sa pa nan Pawòl la. Se pou rezon sa ke mwen kont denominasyon, paske sa pa nan Pawòl la. E sa dwe gen yon bagay kote nou ka baze fwa nou sou li. E si nou pa ka baze l sou yon denominasyon, nou dwe baze l sou Pawòl Bondye. Paske Se sèl fondasyon an, Pawòl Bondye a.

<sup>26</sup> E si Pawòl Bondye a pa pale de denominasyon, okontrè li pale kont denominasyon, alò nou dwe pale tankou Pawòl la. Pe enpòt sa evèk, sa yon moun di, sa yon moun panse, sa yon moun de byen di, sa nenpòt bagay di, si l pa dapre Pawòl Bondye a, alò li fo. Ou wè? Li oblije sa, Pawòl la dwe dènye bagay la. Pawòl Bondye a dwe amèn final la.

<sup>27</sup> Kounye a sonje, m p ap wete pèsonn nan kreyente (nou konprann sa) pou mete l nan denominasyon yo. Gen dè dizèn de milye nanm ki presye nan tout denominasyon sa yo, ki se pitit Bondye. Men pou ap separe yo epi rann yo diferan, mwen kont sa. E Pawòl Bondye a kont sa.

<sup>28</sup> E mwen kwè pa gen yon ism ki nan peyi a jodi a, pa gen yon ism ki te janm nan peyi a, ki pa t predi ke l ta pral vini, pa Pawòl Bondye a. M kwè Pawòl Bondye a founi tout sa nou bezwen, drèt la nan Pawòl la. Depi nan . . . kòmansman nou jouk nan fen an, ou jwenn li drèt nan Pawòl Bondye a. E alò mwen—mwen kwè si sa nan Pawòl Bondye a, alò nou dwe . . . Sa predi. E Pawòl Bondye a se yon avètisman.

<sup>29</sup> Bon, ou pa li Pawòl Bondye a jis tankou w ap li yon jounal. Ou li Pawòl Bondye a pa Sentespri a, ou wè, paske Sentespri a Limenm ap pale atravè Kris. Kris te remèsye Bondye paske Li te kache bagay sa yo devan je moun saj ak entèlijans yo, pou revele yo a ti bebe ki vle aprann. Kifè, ou wè, se pat janm on zafè edikasyon, se pat janm on zafè denominasyon. Gen yon sèl fason

pou w kòrèk, se, kite w kondui pa Lespri Bondye. E ekperyans sa ou te fè a dwe koresponn ak Pawòl sa. Ou wè? Lè sa ou posede l. Ou wè?

<sup>30</sup> Tankou lè nou va desann isit la nan kèk minit, nou pral trete ak moun ki gen—gen . . . Gen nan yo se Kalvinis radikal, gen nan yo se Armenyen radikal, ak—ak diferant fason. Bon, toujou genyen, pe enpòt jan w tranche l mens, li gen de kote ladann. Se egzakteman vre. E yo toulède gen agiman. Men, bagay la se ke, se ki kote Verite a repoze? Se la n ap dirije nou, kote nou panse, ak gras Bondye, nou va montre w Verite a. Bon annou jis pran . . . e sa se jis kote m te jwenn kèk nan doktrin legliz sa yo ekri.

<sup>31</sup> Annou ale nan Bib nou, jis pou kèk minit, nou tout kounye a. E annou ale nan Apokalips, premye chapit la; ou pito Apokalips, chapit 17 la, pou kòmanse. Annou jis kòmanse li pou dekouvri kounye a kote legliz sa yo te demare, epi kisa—kisa ki te debite sa. Bon, Bib la avèti tout bagay. Li avèti jou n ap—n ap viv ladann lan. Bon kounye a, Apokalips, chapit 17 la, si w vle. M te di, 13yèm, se pa sa m te vle di, sa se lan . . . Nou va pran sa, tou, apre on ti tan, sa se pwofesi sou Lèzetazini. Men koute byen kounye a.

*E la t ap vini nan direksyon m youn nan sèt anj ki te gen sèt koup yo, e ki t ap pale avè m, pou ap di . . . Vin isit; e m va montre . . . w jijman gwo pwostitiye sa ki chita sou pakèt dlo yo:*

<sup>32</sup> Bon sonje, sa parèt misterye. Bon fanm move repitasyon sa, kounye a, si n ap anseye sa, ou dwe konnen dabò sa senbòl sa yo vle di. Bon, on *fanm*, nan Bib la, reprezante “legliz.” Konbyen moun ki konn sa, ke nou se yon Epouz? Legliz se yon Epouz.

<sup>33</sup> “Vin isit e M va montre w jijman an.” Bon, pral gen on jijman ki te pwononse sou gran pwostitiye a, fanm enpi ki chita sou pakèt dlo yo. Kounye a, *fanm* lan senbolize yon “legliz,” e *dlo* senbolize “pèp yo.” Kounye a, si w remake, tou, gade, vèsè 15 lan pandan w la, vèsè 15 lan, menm chapit la.

*E li di mwen, Dlo w wè yo, kote pwostitiye a chita a, se pèp yo, . . . foul yo, . . . nasyon yo, ak lang. (Ou wè?)*

<sup>34</sup> Bon, gran legliz sa, gran fanm sa, sonje kounye a li se yon fanm ak move repitasyon. E si on fanm reprezante legliz, (e Legliz Kris la se Lepouz, yon Epouz ki sen), la men yon fanm ki enpi. Alò sa ta oblije youn ki pa sen, ki te pretann li se sa, lepouz. Ou wè? Bon, e kisa l te fè? “Li te chita anlè tèt,” ou pito pou te vin *sou tèt*, ki vle di, “genyen kontwòl sou tèt pakèt dlo.” Nan lòt mo, li te gen pouwa nan tout nasyon ak lang ak pèp. Li se yon gwo zafè, se sa fanm sa ye.

Kounye a, *sila ke wa latè yo te komèt fònikasyon, . . .*

<sup>35</sup> “Paske wa latè yo te komèt fònikasyon,” moun rich yo, moun ki gran yo te fè sa. Kijan w ta fè komèt, kijan on wa ta komèt, fònikasyon avèk legliz? Se fònikasyon espirityèl. Espirityèl! Kisa

fònikasyon ye? Ebyen, se, se tankou on fanm k ap viv enfidèl ak mari l. L ap viv ak yon lòt moun pandan l gen mari. E legliz sila, lè sa, ap—ap pretann li se Lepouz Kris la, pandan l ap komèt fònikasyon ak wa nan mond yo, ak fason enpi l ap viv la, pwofesyon enpi. O, Sa pwofon e Sa rich. M jis renmen Pawòl la. Remake kounye a.

*. . .sila ke wa latè yo te komèt fònikasyon, e abitan sou tè a te vin sou ak diven fònikasyon li.*

<sup>36</sup> “Diven” l lan se sa l t ap bay, estimilasyon l lan: “Nou se Legliz! Nou se sila yo ki posede l.” Ou wè? Bon, jis gade imaj sa nan tèt ou kounye a. Dakò. “Kifè li ap po- . . .”

<sup>37</sup> Bon, anj lan te di Jan: “M pral montre w jijman sa k ap vini pou gwo legliz sa.” Bon obsève.

*Konsa li te transpòte m byen lwen an espri nan dezè a: e m te wè on fanm ki te chita sou yon bèt koulè ekalat, . . .*

<sup>38</sup> *Ekalat*, nan Bib la, reprezante “zafè wa.” Koulè *ekalat* la vle di “wouj.” E bèt reprezante “pwisans.”

Èske w te remake, bèt la te monte soti nan lanmè, se te nan Apokalips, 13yèm lan. E kan w wè bèt la ap monte soti nan lanmè, sa vle di ke pwisans sa te vin de pèp la.

Men nan Apokalips 13, kan ayo sa te parèt, li te sot nan tè a, pa avèk moun, Lèzetazini. Men lè sa, li te gen de ti kòn, pouvwa sivil ak pouvwa eklezzyastik. E lè sa li te resevwa pouvwa, pou l pale tankou dragon an te fè anvan l. Kifè jis make l on kote, nou pral antre nan yon pèsèkasyon relijye ak menm bagay yo te fè nan Wòm payèn sa fè anpil lane pase, paske se ENSI DI SEYÈ A.

Kounye a obsève sa. “Chita sou yon bèt, yon pwisans.”

<sup>39</sup> Èske w te remake Rebeka? Kan Elyezè te jwenn li, se te nan tan aswè, e li te bay chamo a bwè. Paske, Elyezè te di: “Si demwazèl ki va vini e ki va bay chamo sa dlo, sa va . . . e ki va ban m dlo, se va sila ke Ou chwazi, Seyè, pou vin epouz sèvitè Ou, Izarak.” E pandan li te ankò ap priye, Rebeka te vini e li te tire dlo pou ba l bwè, e li te bay chamo a dlo. Remake, chamo a te yon bèt. E menm bèt ke l te bay dlo a se te li ki te pote l pou al jwenn epouz li, Izarak.

<sup>40</sup> E, jodi a, pwisans Sentespri a, ke Legliz ap bay dlo a epi ap adore a, se Bagay ki va pote L pou fè L kite tè sa, pou al rankontre Epouz la. Sèten, Izarak te deyò a nan chan an, nan aswè. Nou pa pral rankontre Seyè a anwo nan Laglwa. Efezyen, chapit 5, di ke nou va rankontre L anlè a. O, sa rann Metodis yo prè pou ap rele. Panse a sa! Ou wè? Seyè a . . .

Izarak te soti kite kay papa l, e li te deyò nan chan an kan l te wè Rebeka ki t ap vini sou chamo a. E li te tonbe pou li, menm kote a, e li te sote desann kite chamo a pou kouri al rankontre l. Se vre. Se la n ap rankontre Seyè a. E menm chamo li te bay bwè a, te pote l mennen al jwenn mari l.



E menm Pwisans ke Legliz ap adore a, ke mond lan ap rele fanatik la, ke Legliz ap adore a, va menm Pwisans ki va transpòte Legliz anwo a, “Pou rankontre Seyè a anlè a.” Sentespri a! Ou wè? Genyen . . .

E, remake, Rebeka te on vyèj.

41 Men fanm sa n ap pale de li la, se on pwostitye. Bon, kounye a ou sezi sa puisans lan ye? Pwisans lan—lan, kisa l vle di, sa, bèt la. Li te sou youn ekalat. Bon, kijan de bèt sa te ka ye? *Ekalat*, sa ta dwe yon pwisans ki “rich.” Kijan de legliz sa pral ye kounye a? Li se yon legliz rich, e li se yon gran legliz, e li se yon legliz pwisan, li gen enflyans pou ap baleye foul moun ak pèp. E wa latè yo te komèt fònikasyon espiritiyèl avèk li, sa se gran gason ki sou tè a. Bon nou pral dekouvri kimoun li ye, jis nan yon minit, e n ap dekouvri konsènan denominasyon sa yo.

*E fanm lan te abiye an mov (zafè wa), . . . te abiye an mov ak koulè ekalat . . . dekore ak lò ak pyè presye . . . pèl, ak on koup annò nan men l ranpli ak abominasyon ak salte fònikasyon li yo:*

42 Kisa l te genyen nan men l? Doktrin li, sa l ap prezante bay moun yo: “Nou se Legliz. Nou se *sesi*.” E li te rann wa latè yo sou avè l, konsa. “Nou se *sesi*. Nou se gran pwisans lan! Nou baleye tout nasyon. Nou se pi gran legliz ki egziste. Annou wè, bwè nan . . . Men ni, vide on tikras ladann. *Oumenm* pran li. *Oumenm* pran li.” Men ni, ou wè. E li te gen on koup nan men l. Remake.

*E fanm lan te abiye ak koulè mov epi ekalat, . . . ki te dekore ak lò ak pyè presye ak pèl, ak on koup annò nan men l ranpli ak abominasyon e salte fònikasyon l:*

43 Kounye a, zanmi, nou p ap li on jounal kotidyen. N ap li Pawòl beni Etènèl Bondye. Tout syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl sa ap rete. Se vre.

*E sou tè li te gen youn non ki te ekri, te gen non ekri a, pito, MISTÈ, GWO BABILON LAN, MANMAN PWOSTITIYE YO, ABOMINASYON KI SOU TÈ A.*

44 Bon, isi a sa pa fè lontan, m pa kwè se te nan legliz isit la, men m te preche sou on sijè, *Men K Ap Ekri Sou Miray La*, e m te bay pozisyon istorik Babilòn. Kounye a, chak ism ki te janm parèt, chak relijyon ak chak ism ki egziste nan mond lan jodi a, te kòmanse nan Jenèz. Bon, si w ta pran *De Babilòn* Hislop yo, oswa kèk nan bon liv sa yo, ou t ap retrase sa nan listwa, ou ka menm jwenn chak ism ou vle dekouvri. M pral fè w retounen la nan kèk minit, sou fanm predikatè, ou wè, epi jis montre w kote sa te premye kòmanse, ou wè, retounen nan Jenèz. E sou diferant bagay sa yo, jis kouman yo te vini soti nan Jenèz. *Jenèz* vle di “kòmansman.” Konbyen moun ki konnen ke se vre? Jenèz se kòmansman. Kifè, tout bagay ki egziste, te dwe gen on kòmansman.

<sup>45</sup> Lè m ap gade on pyebwa . . . M te nan bwa forè pou kèk, twa, apeprè de mwa. M te wè on pyebwa, se pa tikras bèl. M te wè l, ki t ap pèdi fòs; yon lòt te ranplase l, lavi pèpetyèl. E m te panse a sa. Men kèkpa pyebwa sa te gen yon kòmansman. Li te dwe gen yon kòmansman. E sèl fason pou yo te ka rele l on pyebwa, oswa on pye bwadchenn, oswa yon pye akajou, oswa on pye sikren, oswa on pye palmis, oswa kèlkeswa sa l te ye a, te dwe gen on Entèlijans metrès dèyè l. Osinon t ap gen jis youn, ki t ap on pye bwadchenn, tout bagay nan mond lan t ap pye bwadchenn. Men On bagay, ki gran, on Entèlijans metrès te dwe mete l annòd.

Ke Sen Non Li beni! Li se Sila Ki plase lalin lan ak etwal yo nan sistèm solè a. Li te plase tout bagay nan lòd yo. E L ap mete Legliz Li annòd. Li va tounen jis jan Li vle L tounen an; lès, lwès, nò, ou sid, oubyen kèlkeswa sa L ye a. Lè nou va soti ide denominasyon sa yo nan panse nou pou abandone nou konplètman nan Kalvè a. Li va mete l annòd, si nou jis soumèt nou tankou pyebwa yo ak lòt kreyasyon Li yo. Ou pa janm wè lalin lan ap di: “M p ap briye aswè a. Kèk nan nou etwal yo briye nan plas mwen.” Men nou menm, o, nou diferan, ou wè.

<sup>46</sup> Bon, Babilòn, obsève kijan Babilòn parèt. Li parèt nan kòmansman Bib la. Li parèt nan mitan Bib la. E li parèt nan fen Bib la. Kounye a, men yon bagay. Bon, li kòmanse avèk Nimwòd. Nimwòd te fonde Babilòn nan Vale Chineya a, toupre ant Rivyè Tig ak Efrat. E Efrat te pase atravè li. Epi—epi jan tout wout, atravè tout peyi a, te mennen drèt nan Babilòn. E chak nan pòtay sa yo te fè apeprè desan pye lajè, pòtay sa yo te fèt avèk eren. E lè w te antre anndan vil Babilòn lan, chak ri te mennen drèt nan twòn lan.

<sup>47</sup> Bon, ou ka al Wòm, jodi a, e tout chemen mennen nan Wòm. Gen yon ti vyèj Mari ki kanpe nan chak kwen, nan chak tounan wout la, ak yon ti bebe Kris sou bra l, k ap pwente direksyon sa pou al Wòm. Ou wè? Li parèt nan kòmansman, Bib la; li parèt nan mitan Bib la; e isi a nan fen Bib la.

Kounye a m jis vle li sou sa, jis pou kèk minit, konsa ou va gen yon ide sou sa. Ou wè? Dakò. “E m te wè fanm lan,” bon obsève, “legliz.” Kan w wè *fanm*, jis panse a “legliz.” Ou wè?

. . . M te wè fanm lan tou sou ak san sen yo, . . .

<sup>48</sup> Bon, ki kote mo *sen* an soti? Mo *sen* an vini de “sila ki sen an,” oswa “sila ki sanktifye a,” sen an. Dakò.

. . . M te wè l tou sou avèk san sen yo, . . .

<sup>49</sup> Bon, si fanm sa se legliz, li te pèsekite sen yo. E li se pi gwo legliz la. Li gen pouvwa sou tout tè a nèt. L ap domine sou anpil dlo. E li se . . . Wa latè yo komèt fònikasyon avèk li. Ebyen, kiyès li ye? On jan de mistè. Bon Lespri pral . . . Ou konnen, ta sipoze gen nèf don espirityèl nan legliz; pou sajàs, e youn pou konpreyansyon, e youn pou gerizon, e youn pou *bagay konsa*.

*...e ak san moun yo te matirize poutèt Jezi yo:...*

<sup>50</sup> Sanble ke yo pa t fè ka tèlman de sa Jezi di. Se sa legliz di. Se vre. E se kòrèk, tou.

*...e kan m te wè l, m te emèveye avèk anpil admirasyon.*

<sup>51</sup> “M t ap mande avèk admirasyon. Mwen... Se te yon—yon—yon bagay etonan konsènan limenm, fason m t ap mande kijan li...” Kounye a kite m senpleman mete m nan plas Jan pou eseye on tijan louvri sa, ou wè. Jan di: “Men li ki chita. Li pretann se yon legliz Kreytèn. Li gen aksè a tout lajan mond lan. Li gen wa latè yo ajenou nan pye l. Li se yon zafè rich ak tout koule, men kijan li te fè vin sou avèk moun yo te matirize poutèt Jezi yo? Kijan li ka pèsekite sen yo? Kijan li ka touye moun sa yo ki te matirize poutèt Kris la? E poutan li pretann li se yon Kreytèn limenm, yon legliz Kreytèn.” Kounye a obsève.

*E anj lan te di m, Poukisa w te sezi? M pral di w mistè fanm lan, ak bèt k ap pote l la, e ki te gen...sèt tèt ak dis kòn lan.*

<sup>52</sup> Bon, sa a se jis on lekti òdinè isi a kounye a. Sezi sa. Sa pral trè fasil.

*Bèt la ke w te wè ki te la, epi li pa la; e li va desann lan...li va monte soti nan labim lan, e li va ale nan pèdisyon an: sila yo k ap viv sou tè a va sezi, sila ke non yo pa t ekri nan liv lavi a depi fondasyon mond lan, lè yo te wè...lè yo—lè yo t ap kontanple bèt la ki te la, ki pa la, e ki poutan va la.*

<sup>53</sup> Bon, kounye a sa pral pichkannen, kifè men ni. Li te di, remake la, ke, “Lè tout,” pa jis on tikras, men, “tout sa ki t ap viv sou tè a pral sezi.” Yo tout va sezi. Lemonn antye va sezi konsènan fanm sa a. Gen yon sèl gwoup ki p ap sezi konsènan sa, se sa yo ki te gen non yo nan Liv Lavi Ayo a.

<sup>54</sup> Kounye a, m te ka jis fè mye fòse sa antre dirèk la, paske nou pral antre ladan l nan kèk minit. Ou wè? Kilè yo te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a? Depi (Kilè?) dènye revèy yo te asiste a? jou swa yo t al a lotèl la? jou swa yo te asosye yo a legliz la? M p ap eseye fè w mal. Men, m ap di w, ke Bib la di: “Yo te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a depi fondasyon mond lan.” Egzakteman! Lè Bondye, nan kòmansman an, te wè ke Li ta pral voye Pitit Li a, e ke L ta pral pran plas yon pechè, lè San Pitit Bondye a te koule. Bib la di ke San L te koule anvan fondasyon mond lan. Konbyen moun ki konnen Bib la di sa, ke, “San Kris la te koule anvan fondasyon mond lan”? Lè San sa te koule, chak manm nan Kò a, sila yo ke non yo te ekri ak San sa, nan Liv Lavi Ayo a, lè fondasyon mond lan. Poukisa ou si tèlman pè? O, frè! Sa louvri pòt yo, se pa vre?

55 Ebyen, kounye a annou jis li sa dirèk la, pou wè si ke sa ki di a se vre. Ou wè? “E anj lan te di m, ‘Kifè èske . . .’” M kwè se vèsè 8 la, “E bèt ou te wè a . . .” Dakò. Se sa.

*Bèt ke w te wè a li la, epi li pa la; e li va monte soti nan labim lan, . . .*

Bon, n ap retounen sou sa, men m vle pran lòt sa, paske n ap vin sou sa.

*. . . li va ale a la pèdisyon: e sila yo k ap viv sou tè a va sezi, sa yo ke non yo pa t ekri nan liv lavi a depi fondasyon mond lan, . . .*

56 “Pral gen yon pakèt sou tè a,” nan yon lòt sans, “ki pral sedui,” paske li te sedui yo. E gen yon sèl gwoup ki pa t sedui, se te sila ki te gen non yo nan Liv Lavi a depi fondasyon mond lan. N ap antre nan sa on tijan pita.

57 Kounye a remake fanm lan, legliz, li te “*Babilòn, Mystè a.*” Nou wè l te parèt avèk Nimwòd. Kisa Nimwòd te vize? Nimwòd te bati yon vil e li te egzije tout lòt vil yo pou peye taks bay vil sa. Èske l posib pou n wè yon bagay konsa jodi a? Èske gen yon kote konsa jodi a? Èske gen yon legliz k ap domine sou tout nasyon nan mond lan? Sètènman. Èske gen yon kote jodi a ki fè tout nasyon peye taks ba li? Èske gen yon kote?

Annou avanse pou li rès bagay sa, jis on tikras, pou w ka gen tout tablo a nèt. Dakò.

*. . . ke w te wè bèt la ki te la, . . . ki pa t la, e poutan ki la.*

*E men panse ki gen sajès la.*

58 Bon, konbyen moun ki konnen ke sajès se youn nan don Lespri yo? Kounye a, a ki sòt de gwoup L ap pale, la? Li dwe t ap pale a yon gwoup moun ki gen don—don Lespri yo k ap opere nan Legliz sa.

*. . . men ni panse ki gen sajès la.*

59 Kounye a, fè yon rete, jwenn sa atravè tout aj legliz sa yo isit la. Pandan w ap fouye, Sentespri a ap pale, de jan don sa yo dwe opere nan dènye jou a. Bon, nou gen don gerizon k ap opere. O, sa—sa ap byen fonksyone. Ebyen, frè, gen lòt don. Sa se jis youn nan yo. Se jis on ti bagay minè. Ebyen, men yon pi gwo don drèt isi a. Ki ta dwe meyè a, don sajès Sentespri a, pou met Pawòl la ansanm e pou montre Legliz kote nou kanpe, olye pou jis gen yon moun ki geri? Nou tout vle pòte nou byen. Men m ta prefere nanm mwen byen, ke kò m byen, tout tan. O, la la!

Tande Sentespri a k ap pale atravè Jan, sou zile Patmòs, Li te di: “Men sajès la. Ke li koute Sa.” Kounye a nou gen yon imaj ki desine la. “Men ni . . .”

*E men panse ki gen sajès la. Sèt tèt yo se sèt montay, kote fanm lan chita.*

60 Gen yon sèl vil, ke m konnen, nan mond lan . . . Gen de vil, ke m konnen, ki gen sèt montay ou plis ladan yo. Cincinnati se youn nan yo, se sa ki sipoze te bay istwa lejand Cincinnati a. Istwa manman lou a, ou konnen, ke . . . ak bagay konsa. Li gen plis ke sa ladan l. Men pa gen yon sèl legliz ki ap domine Cincinnati.

Gen yon sèl kote nan lemond antye, ki gen yon legliz ki bati sou sèt kolin, ki ap domine lemond antye. Bon, m jis soti la. Tout bagay sa yo.

E m te wè kote sa te di: “E men sajès la.” Apokalips 13. “Ke sila ki gen entelijans lan kalkile nonb bèt la, paske se nonb yon nonm.” Pa on pakèt moun, yon gwoup moun, men “yon” nonm. “Nonb lan se sisan swasann sis.”

61 M te konn tande souvan, ke, anwo twòn pap Wòm lan, yo ekri: “VICARIVS FILII DEI.” M te konn souvan ap mande si se te vre. Tire yon trè, epi tire l bò ekriti sa, an chif Women, pou wè si se sa. Se egzakteman laverite. M te kanpe *you* pre kouwòn twa wrent pap la, ki te nan yon vitrin: “Jiridiksyon sou lanfè, syèl, ak pigatwa.” Ou wè? Kifè, bagay sa yo, m fenk sot la, jis sot Wòm e m konnen se laverite. Bon nou konnen li te dekri.

*Epi men sèt wa yo: senk te tonbe (sa te rive nan epòk sa), e youn ki la (sa se youn ki gen pou vini kounye a, ki se Caesar), epi yon lòt gen pou vini ankò (ki te Ewod, ki te mechan); . . .*

62 Bon obsève. Obsève jan sa pafè.

*. . . e lè li va vini, li dwe kontinye pou on titan tou kout.*

63 Èske gen yon moun ki konnen konbyen tan Ewod te reye? Sis mwa. Li te trennen manman l nan lari, sou yon bout bwa atache ak yon chwal. E li te met dife nan vil la; e li te met sa sou do Kretyen yo. Epi li t ap prelase sou kolin lan pandan yo t ap . . . pandan vil la t ap brile. Sis—sis mwa. E ou wè, “E bèt la . . .” Kounye a obsève, gade kijan de rakay li te ye. Ou wè? bon siveye.

*E bèt la ki te la, e ki pa la, li menm . . . se uityèm lan, e li fè pati de setyèm lan (nati setyèm lan), e li va al nan pèdisyon.*

64 Tout moun konnen sa *pèdisyon* vle di, se “lanfè.” E obsève ki kote li te soti ap monte, “lanfè.” Sa sa ye? Twou san fon labim. Pa gen okenn fondman pou yon doktrin Katolik. Pa gen anyen nan Bib la pou apiye doktrin Katolik. Sa pa egziste yon bagay kèlkonk nan Bib la pou apiye doktrin Katolik, pa ditou. Yo pa pretann sa. Prèt la monte la, ti prèt sa monte la nan legliz Sakre Kè a pou vin bò isit la. Li di: “O, li . . .” M t ap pale l apwopo de batèm Mary Elisabeth Frazier. Li di: “O, ou te batize l dapre fason premye legliz Katolik te konn batize.”

M di: “Depi ki lè?”

Li di: “Nan Bib la, Bib ou a.”

65 M di: “Èske legliz Katolik te konn batize konsa? Èske sa se ansèyman legliz Katolik?”

“Ya.”

66 M di: “Ak tout prensip enfayib legliz Katolik la, poukisa sa te tèlman chanje konsa?” Ou wè?

67 Li di: “Ebyen, ou wè, nou tout nou kwè Bib la. Noumenm nou kwè legliz.” Ou wè? “Nou pa fè ka de sa Bib la di. Se sa legliz di.” Se egzaktman sa. Ou te janm rive a on konfwontasyon, sou sa, eseye l yon fwa, ou wè. Yo pa fè ka de sa Bib la di; sa pa gen anyen pou wè avèk sa. Yo fè ka de sa legliz di. Ou wè?

68 Men nou menm nou pa fè ka de sa legliz di. Nou kwè sa Bondye di. Amèn. Paske nan Bib la, li ekri: “Ke pawòl tout òm ka manti, e pawòl pa M Laverite.” Se poutèt sa nou pa yon denominasyon.

69 Bon obsève. Koute sa, jis yon minit. “Senk wa ki te la, tonbe, senk wa.” Si nou vle sa apati de listwa, m pral montre nou sa. “E youn egziste la, e youn pral vini.”

Bon remake, “bèt la.” Kounye a, bèt la pat on wa. Li te “youn ki la, ki pa la; e poutan li la, e li pa la; poutan li la, e li pa la.” Kisa sa ye? Siksesyon pap yo, on pwisans, on bèt k ap reye. Se lè Wòm payèn lan te konvèti pou vin Wòm ak pap. Wòm payèn lan te konvèti, e apre sa li te vin bay papote a, ki vle di, yo te gen yon pap olye yon wa, e pap la se wa espiritiyèl la. Se pou rezon sa li se yon wa espiritiyèl ki kouwone, ki pretann li se vikè Jezikri. Men ni. Kounye a remake.

70 Nou pral fè soti doktrin Katolik sa la pou montre nou jan sa te file desann antre nan legliz Pwotestan yo, ou wè, jan li toujou layite l drèt nan legliz Pwotestan, anpil nan sa. Kontrè, egzaktman, a Bib la, absoliman kontrè. Bon: “Yon bèt ki te la, ki pa la.” Kounye a sonje: “Yo tout nèt, sou tè a, va sedui, sila yo ke non yo pa t ekri depi fondasyon mond lan.” Annou gade l.

*E bèt la te la, e li pa la, (vèsè 11 lan) e poutan se uityèm lan, e . . . sot nan setyèm lan, pou al nan pèdisyon. (Li va kontinye jouk li atenn labim twou san fon an nan fen wout la.)*

*E dis kòn ou te wè yo se dis wa, . . .*

Kounye a obsève la. Si nou vle wè on bagay frapan, obsève sa.

*. . . se dis wa, ki pa t gen wayòm pa yo ankò; men ki te resevwa pouvwa kòm wa pandan inèdtan avèk bèt la.*

71 Yo pa t kouwone yo wa; yo se diktatè. Ou wè, yo pa t janm kouwone yo wa, men yo te resevwa pouvwa antan ke wa, inèdtan, pandan rèy bèt la. Se jis pandan ti bout tan sonb sa kounye a menm kote diktatè ap pran plas yo. Ou wè? “Yo te resevwa pouvwa antan ke wa, inèdtan ak bèt la.” Bon, dakò.

*Sila yo gen yon sèl panse, e yo va remèt pouvwa ak fòs yo bay bèt la.*

*Sila yo va fè lagè kont Ayo a, e Ayo a va venk yo: (Glwa!) poutèt li se Seyè tout seyè, Wa tout wa: e sa ki avèk li yo, yo rele yo, chwazi yo, e yo fidèl.*

<sup>72</sup> M ta renmen kapab preche on mesaj sou sa drèt la, “Sa ki te chwazi yo, anvan fondasyon mond lan, e ki rete fidèl a apèl yo.” Alelouya! Se tou. “Yo rele yo, yo chwazi yo, e yo fidèl.” E se yon konjonksyon, ou wè, “Sa k chwazi a, e ki fidèl.” Yo va venk li. Pe enpòt jan li va vin ekstraòdinè.

<sup>73</sup> E gwo zafè kominis sa, mouvman kominis nou gen jodi a, piga w fatige w pou sa. Sa ap travay egzakteman nan sans pa Bondye. M ka pwouve sa ak Bib sa. Li pral fè l soufri pou chak moun matirize li te janm touye. Wi, mesye. Obsève wa sa yo yo tout dakò ansanm, e yo va rayi l. Epi tout nasyon an nèt, lemonn antye, kominis anvayi yo. Ebyen, sa dwe yon mouvman Bondye, pou pini l. Ou va di: “Tann on minit, Frè Branham. Kominis, on mouvman Bondye?” Absoliman, sètènman, se yon mouvman Bondye. Bib la di sa. Men sa ap vanse pou pwononse jijman sou moun ki payen, ilejitim epi san gras. Kisa k rete nan mond sa? Kisa nou genyen? Isi a lòt jou. . .

<sup>74</sup> M ap kanpe sou sijè m lan jis yon minit, si se posib. M t ap li yon pati nan Lekriti kote yon timoun ilejitim pa t ka antre nan kongregasyon Seyè a pandan katòz jenerasyon. Konbyen moun ki konn sa? Dakò, Detewonòm 23; on timoun ilejitim. Si yo te jwenn on fanm nan chan, sa vle di, andeyò pwoteksyon yon nonm, e yon nonm te vyole fanm sa, nonm sa te oblije marye avè l. E pe enpòt si l te vin yon pwostitiye, li te oblije viv avè l jouk li mouri. E si fanm sa marye avè l, antan li pretann ke l se yon vyèj, e li pa sa, alò yo ka touye l pou sa. E si yon nonm ak yon fanm marye ansanm, epi yo bay nesans a yon timoun ilejitim, timoun sa, li pat ka antre nan kongregasyon Seyè a, pandan katòz jenerasyon. E on jenerasyon se karantan. Sa t ap pran katsan lane anvan ke peche sa t ap janm soti an Izrayèl.

<sup>75</sup> Bondye rayi peche! Kouman w ka fè espere pyetinen San Sen Seyè Jezi a, jis poutèt ou fè pati de yon sètèn denominasyon, pou espere w pral antre? Ou va vini sou baz pa Bondye osinon piga w vini ditou. Dakò. Dyak, predikatè, kèlkeswa sa nou ka ye a, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Ou dwe vini dapre kondisyon Bondye.

<sup>76</sup> Katòz jenerasyon. Moun ki t ap diskite sa avè m lan chita prezan la kounye a. Li di: “Kouman n ap janm konnen alò kimoun ki ka sove?”

<sup>77</sup> M di: “Men kote ou ta dwe on bon Kalvinis.” Non w te plase nan Liv la anvan fondasyon mond lan. Bondye te okipe L de flo kouran san sa. Sa se zafè pa L. Ou wè?

“Men kisa sa te bay. . .”

<sup>78</sup> Koute. Nou menm jèn jan yo, jodi a, M pa konn si w ap frekante legliz sa, oswa ki kote w ale, nou menm jèn gason ak jèn fi. Èske nou te reyalize, ke bagay n ap fè yo, si gen yon lòt jenerasyon, timoun pa nou yo pral jije pou sa n ap fè? Èske nou pa gen respè pou ladesans? Nou menm jèn fi ki deyò la ap pote vyep ti bout pantalon ak bagay sa yo toupatou, nou konnen, sa gen efè sou pitit fi nou. Èske w te konnen ke grann ou te yon—yon devègonde, e manman w te yon jèn fi ki te konn danse nan diskotèk e se poutèt sa ou se yon estriptiz jodi a? Sètènman. Se kisa timoun pa w yo pral ye? Wi, mesye. Bondye di Li va vizite inikite paran yo sou pitit yo ak pitit pitit yo, jouk twazyèm ak katyèm jenerasyon.

<sup>79</sup> E èske w reyalize, frè mwèn, chak fwa w fè sa k bon, sa va gen efè sou pitit ou?

<sup>80</sup> Gade la, ann pran Ebre, chapit 7. Bib la di, lè—lè Mèlkisedèk te rankontre Abraham ki t ap retounen sot nan masak wa yo, e Li te beni l, e Sa te di, la: “Levi. . .” L ap pale konsènan peye dim. Li di: “Levi te òdone pa Seyè a pou resevwa dim frè l yo. E Levi ki te resevwa dim yo, te peye dim, paske pandan l te ankò nan ren Abraham lè l te rankontre Mèlkisedèk.” E Abraham se te aryè granpè l. Abraham te fè Izarak, Izarak te fè Jakòb, Jakòb te fè Levi; Levi, papa a, granpè a, aryè granpè a. “E pandan Levi te nan ren Abraham,” Bib la di, “li te peye dim bay Mèlkisedèk.” Alelouya!

<sup>81</sup> Piga w kite pèsonn di w ke nenpòt mouvman nan mond lan ka janm deranje gran wou ak dan Bondye a. L ap vanse kanmenm! Sa te planifye anvan laba nan kòmansman. Pa gen yon demon oswa ase demon ki ka deranje pwogram Li.

<sup>82</sup> Bon, Bib la pa t di “potansyèlman” li te peye l. Bib la di: “Li te peye dim,” kan l te nan ren aryè granpè l. Glwa! Sa se Seyè m lan. O, Li te konn sa, menm, anvan mond lan te janm fòme. Li te konn tout bagay. E nan Abraham, li te peye dim.

<sup>83</sup> Epi sè, frè, kijan w ka fè ap kouri soti la, epi moun ap viv epi y ap kouri toupatou ak madanm lòt gason, epi madanm yo ap kraze fwaye yo, e pou n ap viv jan n ap fè a, kisa n atann yon lòt jenerasyon ap ye? Men kisa sa ye. Kounye a sa pa vin anyen ke jis on bann moun ilejitim, ki fèt tou melanje, on bann koripsyon. Gen yon sèl bagay ki rete pou sa, se epòk atomik n ap viv ladann lan. Se egzaktèman laverite. Nou nan fen tan an.

<sup>84</sup> Pandan m te chita maten an, byen lwen sou kolin Kentucky yo, yon vyep ti gason, se apèn si w te ka apwoche a dis pye de li, ki te konn fabrike melas sògo. Pwobableman apèn si l te konnen kisa k te dwat oswa gòch. Kan l te tande. . . M te reyisi rive sou yon teren kote yo afiche pou moun pa pase. M pa t konn ki kote m te ye. M te jis nan kèk ravin. E m t ap monte la pou al chase ekirèy. E kan m te chita la, m t ap pale avè l. E jenn gason sa te di l ta pral antre nan lame. E m te dekouvri, nou te rive ap pale de



Seyè a, e li te di: “Predikatè, èske w pa kwè ke nou nan fen tan an?” Byen lwen anwo laba nan montay sa yo.

<sup>85</sup> M te di, “Sèten, nou rive la. Sèten, gason m, nou nan fen tan an.”

<sup>86</sup> Men nou. Se lè n ap viv la, frè. Nou nan plas la. Èske w pa ka wè kijan manman ak papa lontan sa yo, kijan yo te konn viv, granpè ak granmè sa yo? Èske w paka wè jan papa ak manman te viv? Se pa etonan nou nan koripsyon jodi a. Se pa etonan, ou ka preche jouk tèt ou pati; yo va pote bout pantalon jis menm jan an, epi krache nan figi w. Yo va fimen sigarèt ap voye lafimen drèt sou ou, pou di: “Mele w nan sa k gade w.” Poukisa? Paske se tribi kote yo soti a. M pral antre nan sa, dirèkteman, *Semans Sèpan An*. Nou va jwenn ki kote l antre, wè poukisa y ap ajì konsa. Yo se pitit dyab la depi fondasyon mond lan. Se vre. E nou pa gen anyen, ki rete pou sa, kifè se jis jijman ki se sèl bagay ki rete. Li pa ka gen anyen lòt ke jijman. Bondye va jis baleye tout bagay la nèt. E se lèzòm k ap fè sa yo menm. Bondye pa t planifye l pou l te konsa, men Li te konnen sa ta pral konsa. Se pou rezon sa Li te di li te ka “Sedui tout sa ki t ap viv sou fas tè a, eksepte sila yo ke non yo te plase nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan.”

<sup>87</sup> Annou obsève l. Li on tijan pi lwen kounye a. Bon, kounye a m kwè nou nan vèsè 12 la.

*E dis kòn ou wè yo se dis wa, ki poko resevwa wayòm yo ankò; men ki te resevwa pouvwa antan ke wa inèdtan avèk bèt la.*

*Sila yo va gen yon sèl panse, e yo va bay bèt la pouvwa ak fòs yo.*

*Epi yo va fè lagè ak Ayo a, e Ayo a va venk yo: paske li se Seyè tout seyè, ak Wa tout wa: e sa ki avèk li yo yo—yo rele chwazi, epi fidèl yo.*

*E li te di m, Dlo ke w te wè yo, kote pwostitiye a chita, se moun, . . . militid, nasyon, ak lang.*

*. . . dis kòn ou te wè sou bèt la, yo va rayi pwostitiye a, . . .*

<sup>88</sup> Obsève sa kounye a, sa yo “dis kòn yo,” dis wayòm sa yo. Ou wè, ke tout bagay byen tonbe, kimoun diktatè sa yo ye. Obsève direksyon diktatè yo panche. Sou kibò l panche? Jis—jis di m yon diktatè ki pa panche sou kominis. Ou wè? E yo va fè (kisa?) rayi “pwostitiye a,” fanm lan, legliz. Men kisa? Obsève sa k pral fè sa.

*. . . yo va rayi pwostitiye a, e yo va rann li dezole epi mete l toutouni, e yo va manje chè l, e yo va boule l nan dife.*

<sup>89</sup> Yo va sote bagay sa pou fè l disparèt sou kat la, jis osi sèten ke m kanpe la. Nou jis te gen tan pou pran sijè sa la sou legliz sa, pou devlope l an pwofondè atravè Lèzekriti, kote Sa te di, annou

li: “Tout wa sou tè sa, ak tout kapitèn bato yo, epi yo tout, t ap rele, poutèt gran Babilòn lan te rankontre dezolasyon pandan inèdtan.” Inèdtan, tan l te rive! E, o, ala Sa te di: “Rejwi nou, nou menm sen yo, e nou tout pwofèt sen yo, paske Bondye te tire revanch pou san sen yo ak frè w yo sou li.” Ou wè, se vre. Sèten, kominis ap yon enstriman dirèk nan men Bondye. Jis tankou Wa Nebikadnetza te yon enstriman dirèk nan men L, pou te mache pran Jwif sa yo, lè yo te elwaye yo! . . . ? . . .

<sup>90</sup> E peche ka kontinye ap kòwonp, semans kòrèk la ka rete ladann epi semans lan ka kontinye nan kòripsyon, pou ap kòwonp sou kòwonp jiskaske apre on ti tan li epwize nèt. Sa rive nan yon pwèn, poutèt papa ak manman yo e latriye te viv konsa devan nou, nan fason sa, jiskaske pa ret anyen pou nou. E ou konn kisa Jezi te di? Si L pat rakousi tout bagay la, pa tap menm gen okenn chè ki t ap sove.

<sup>91</sup> Èske w ka wè l? Èske w ka wè poukisa nou te gen bagay sa yo (M pa vle fè remak.) Arthur Godfrey, epi tout moun, nou konnen, ou wè, ak Elvis Presley, epi—epi ren k ap brase yo, pantalon salòpèt yo, ak cheve pandye sou kou yo, ak tout bagay sa yo, fason adolesan yo aji? Kisa k fè sa? Kisa sa ye? Paske sa te soti nan yon bann vi ki te viv anvan, moun ilejitim. Pa ret anyen! O, yo va leve chante, “Pi pre Ou, Bondye m nan,” tankou Ernie k ap keyi pwa ak tout lòt konsa yo, k ap chante on jan de kantik, e latriye konsa. Frè, ou konn on bagay? Sa, se ipokrizi absoliman. Wi, mesye.

<sup>92</sup> Yon nonm pa gen dwa vin sou chè sa si l ap soti deyò pou l nan rock-and-roll ak boogie-woogie epi tout jan de tenten. Li pa gen anyen menm toupiti pou wè ak vin deyè chè a la. Sa se pou sasèdòs la, sila Bondye rele yo. Ministè Bondye rele yo plas yo deyè chè a la. E pa gen plas deyè la pou espès konsa. Se sa ki pwoblèm lan avèk sa jodi a, yo te rann legliz la pa plis ke yon lòj. Lòj se kòrèk, si w vle fè sa, se zafè k gade w. Men kite m di w, gen anpil diferans nan ap eseye . . . ant yon lòj e yon legliz. Wi, mesye. Si w vle fè bagay sa yo nan yon lòj, pou gen tout jan de banbòch sa yo e latriye, sa se zafè k gade w. Men, frè, legliz dwe netwaye depi sou chè a ale jouk nan sousòl la. Se sa. M pa vle di netwaye ak nouvo fenèt ak bagay konsa. M vle di ak yon revèy a lansyèn mòd Bondye voye, ki va gaye bagay la sot yon kote pou al lòt kote a. Wi, mesye. Tankou limen yon limyè, yon limyè elektrik sou yon bann ravèt toutotou yon restan kè pòm. Wi, mesye, yo va gaye lè limyè a djayi.

<sup>93</sup> Bon obsève: “Yo gen yon sèl panse, bay pouvwa yo.” Mwen anba sa kounye a. “Dis kòn yo.” Wi, kounye a.

*Paske Bondye mete sou kè yo pou yo akonpli volonte li, (men ni), e pou yo dakò, bay bèt la wayòm pa yo a, jiskaske Pawòl Bondye yo va akonpli.*

Bon, *e fanm ou te wè a se gwo vil, k ap reye sou tout wa ki sou tè a.*

94 Bon, pa gen okenn nesosite pou ap vire anwon, nou konnen ke se yerachi Katolik. Pa gen nesosite pou pèsonn . . . Mwen—mwen kwè sa jis osi fèm ke m kwè m te resevwa Sentespri a. M kwè sa jis osi byen ke m kwè m se yon Kreyen ki kanpe isit la jodi a, ke yerachi Katolik sa se—se . . . Site Vatikan an se—se vil ki chita sou sèt kolin yo. Yerachi legliz la se bèt ki te la, ki pa la. Li se Babilòn. Se tout bagay ki dekri jis egzaktman, jis pafètman okonplè nèt atravè Lèzekriti. Se legliz Katolik.

95 Bon, kounye a men pwen k ap choke w la. Ou va di: “Ebyen, se pa mwen ou atenn, Frè Branham.” Men kite m jis mande w yon bagay. Annou retounen drèt kounye a nan vèsè 5 la.

*E sou fwon li te . . . ekri, MISTÈ, GWO BABILON LAN, MANMAN ABOMINASYON YO . . . MANMAN PWOSTITYE YO AK ABOMINASYON SOU TÈ A.*

96 Kisa l te ye? P-w-o-s-t-i-t-y-e. E li te yon m-a-n-m-a-n. Kisa? M-a-n-m-a-n. Li te anjandre yon bagay. Yon manman pitit gason? Manman pwostitye! Kisa yon pwostitye ye? Menm bagay avèk yon—avèk yon fanm pa bon, yon fanm imoral. Kisa ki te rann li imoral? Doktrin li. Li te pretann yon legliz Kreyèn, men li t ap repann dògm ke lòm fè. E la li di ke li te gen . . . Si l se premye òganizasyon, alò sanble tankou gen kèk òganizasyon ki soti nan li. Li te yon manman pwostitye. Eske se sa? Yon manman pwostitye. Li pat ka yon manman, kounye a, pitit gason. Li pat ka yon manman . . . Li dwe te manman fanm. E, si yo te fanm, yo te legliz. Bon annou gade. Kisa k te soti nan . . .

97 Kisa premye òganizasyon an te ye? Legliz Katolik. Kisa k te dezyèm òganizasyon an? Luther. Kisa k te twazyèm òganizasyon an? Zwingli. A kisa l te abouti? Calvin. E yo te vin Anglikan, e Anglikan yo te vin Metodis. Metodis yo, kisa Metodis yo te pwodui? Apati de la Alexander Campbell te vini. Apati de Alexander Campbell John Smith te vini. Apati de . . . Alexander Campbell ou jwenn legliz Kreyèn; alò, yo te gen kat ou senk, legliz de Kris, ak tout lòt ti ism yo jiska dènye a. Apre sa men legliz Batis la ki te vini, li te gen anpil ti mouvman ki te soti. E apati de legliz Metodis ou te jwenn . . . apati de legliz Metodis, ou te jwenn, dabò Metodis Wesleyen yo, apre sa yo te separe kat a senk fwa. Apre yo te vin yon lòt sòt de Metodis, epi answit yo te vin divize ankò, alò yo te vin Metodis Lib yo. E—e apre yo te vin Nazareyen apati de sa. E apati de Nazareyen yo te vin Peleren Sentete, e Peleren Sentete an desandan. Jis on bann ti ism k ap opere konsa, ki kontinye ap devlope ap desann, chak nan ti—ti mouvman debitan sa yo la te kontinye ap desann. E kisa yo chak te fè? Sa te finalman abouti nan Pannkotis.

98 E kisa Pannkotis yo te fè? Menm bagay manman yo te fè, yo te retounen drèt e yo te òganize yo. E kisa yo te vin tounen? Yon—

yon denominasyon. Antre nan youn ladan yo, premye bagay y ap mande w: “Kisa doktrin ou ye?” O la la, yo va egzaminen w an detay, ou wè, pou yo dekouvri kisa w ye, kisa w kwè. E si w pa vrèman an liy avèk yo, frè, yo ekskominye w drèt la. E se tou.

<sup>99</sup> E piga w jis panse poutèt ou di ou se Pannkotis ou an sekirite. Frè, va gen jis otan de Pannkotis andeyò wout la ke genyen sou wout la, mwen sèten. Ou wè?

<sup>100</sup> Kounye a, tout òganizasyon sa yo, si yo te jis kite benediksyon Pannkotis la kontinye, san òganize l, jis kenbe l nan yon fratènite epi kite Sentespri a fè separasyon an. Sentespri a separe. Ananyas ak Safira te antre yon fwa, yo te di *tèl tèl bagay*; e Sentespri a te di: “Poukisa nou te manti?”

<sup>101</sup> Men nou di: “Bon, sa se Frè Jones, piga w di anyen mal sou li kounye a, li se pi bon peyè nou genyen nan legliz la. M konnen l gen Sentespri; m deja tandè l pale an lang, m deja wè l ap rele fò an Espri.” Sa pa vle di plis ke vide pwa sou youn po bèf seche. Ou wè? Sa pa gen anyen pou wè avè l. Se Bondye k ap deside. Se Li k ap deside si li sa oswa pa sa. Absoliman. Men nou te pran sa pou entwodwi l nan denominasyon nou an. “Ebyen, nou te mete l deyò—deyò gwoup Asanble yo, Initè yo te ramase l. Initè yo te fè yon bout chemen avè l, e apre sa yo te mete l deyò. Paske, yo te mennen l laba, e gwoup Jezi Sèl yo ramase l. Gwoup Jezi Sèl yo te sipòte l on ti tan, e alò pwochen bagay la ki te ramase l se te legliz de Dye, ki te ramase l. Legliz de Dye de Lapwofesi te ramase l, epi mouvman Tomlinson lan te pran l.” O, la la! Frè, kisa ki ka vin jwenn nou ankò! Sa nan Pannkotis, dènye revèy la. Epi kounye a yo gen Flannm koulè Ble a, ak moun k ap adore ak lwil yo, ak—ak san nan figi yo a. E, o, mizèrikòd, m pa konn ki kote yo rive kounye a.

<sup>102</sup> Jis yon sèl bagay, sè ke tout bagay la nèt vin kòwonpi. Èske nou te konnen ke Bib la te di sa t ap vin kòwonpi? Èske nou te konnen ke Bib—Bib la te pale ke jou sa, t ap la, kote menm tab Seyè a t ap ranpli ak vomi? E li te di: “A kimoun M ka anseye doktrin? Kimoun M ka fè konprann Mwen? Paske presèp dwe sou presèp, se presèp sou presèp, liy sou liy.” A kimoun Li ka anseye doktrin? Sila yo ki sevre soti nan tete, manman yo. Ou wè?

<sup>103</sup> Bon, pa gen—pa gen yon fanm, yon fanm mechan nan vil sa ki pa ka pa anjandre yon pitit fi vyèj. Se sa l ye lè l te fèt, kounye a, li ka mache dwat. Men si nou pa remake, manman l te gen nati sa, tifi sa, nèf fwa sou dis, va ajì jis egzaktèman tankou manman l. Bon, nou konnen se vre. Yon vye manman k ap opere yon mezon banbòch, ka elve yon ti pitit fi. Li ka gen sèzan, li jis osi pwòp epi gen moral ke nenpòt flè lis, men, si l rete konsa. Men, pwoblèm nan sè ke, li retounen toudwat pou ap ajì tankou manman l.

<sup>104</sup> Kounye a, legliz Katolik se te premye vye pwostitye ki te vini ak doktrin ke l te fabrike limenm, sipèstisyon, Bib la di ke “li te soti nan labim twou san fon pou l retounen nan pèdisyon.” Se

sa Bib la di. Kounye a, si yo anseye sa, se fo. Se fo, dapre Pawòl Bondye a. Epi men legliz Metodis la ki te vini, li te soti de li, yon bèl jèn dam, men kisa l te fè? Li te vire drèt fè demi tou pou fè menm bagay ak manman l. Li pèmèt kongregasyon l pote bout chòt. Li pèmèt yo fimen sigarèt. Li pèmèt yo konpòte yo epi aji jis jan yo vle. Pa gen anyen ki di konsènan sa. Vyep ti pastè mwatye kuit sa laba dèyè a la, sou chè sa laba, li pè pou salè l pa koupe yon jou, oswa yon plato ti pen.

<sup>105</sup> Kite m di w, frè, m ta prefere preche Levanjil, epi manje ti biskuit soda epi bwè dlo sous natirèl, epi di Laverite sou sa. Si tout moun nan kongregasyon mwen an leve vire do yo soti, m t ap di yo Laverite sou sa. Wi, tout bon.

<sup>106</sup> Ki pwoblèm ki genyen? O, se yon zafè lamanjay. “Ebyen, ou konnen, m se pastè pi gwo legliz ki genyen nan vil la.” Nou menm Batis ak Metodis n ap tande yon fo pwofèt. Bon, sa di, men tout bagay ki anseye kontrè a Bib sa se yon fo pwofèt. M pa fè ka jan sa te ka byen rafine, se yon fo pwofesi. Se vre.

<sup>107</sup> “O, tout bagay annòd osi lontan ke non w nan liv la.” Ou ka gen non w nan yon douzèn liv. Si se pa Liv Lavi a, ou pèdi! Ou ka te toujou yon si bon moun, ou ka jis osi lwayal e pwòp epi gen moral jan w kapab, sa pa gen anyen pou wè ak sa.

<sup>108</sup> Ezawou te de fwa pi bon ke tip Jakòb te ye a, kan sa te konsène zafè pou w yon nonm, li okipe l de vye papa avèg li ak tout lòt bagay. E Jakòb se te yon ti trichè ki te ret kole nan jip manman l, on vye ti frelikè. Men Bondye te di: “M renmen Jakòb e M refize Ezawou,” anvan menm ke youn te ko fèt. Women 8 di sa. Se egzaktman vre.

<sup>109</sup> Bondye konnen sa k nan lòm. E Li konnen sa k nan legliz, tou. Nou viv pa Pen Lavi a, Pen Pawòl Bondye a. Bon, se poutèt sa nou pa yon denominasyon.

<sup>110</sup> Kounye a m vle bannou on lòt ti . . . M vle bannou on ti egzantp ke m te ekri la. “Gran . . .” Kounye a nan Apokalips, nan chapit 19:2. M gen on bagay ekri la. M vle gade wè kisa sa ye kounye a.

*Paske jijman pa w vre e jis: paske li te jije gwo pwostitye a, ki te kòwonp tè a ak fònikasyon, e li te vanje san sèvitè l yo de li. (Sa se fen legliz Katolik.)*

<sup>111</sup> Bon, nou vle tou pou w remake, la tou, ke yo te jwenn nan Lèzekriti la tou, yon denominasyon—yon denominasyon, ki . . . E Bib la pa janm pale de yon denominasyon. Denominasyon vin de legliz Katolik. Li se premye manman denominasyon, e chak denominasyon desann sot la dirèk. Kounye a, sa pral on tijan zongle w. Sa pral zongle w pi mal tout tan, ou wè. Men m—m vle nou wè ke denominasyon pat ne oswa pat òdone pa Bondye. Se dyab la ki te òdone l.

<sup>112</sup> Legliz Bondye a se yon . . . Nou pa divize, nou tout fòme yon sèl kò; yon sèl espwa e yon sèl doktrin, youn nan lanmou. Sa se

Legliz Bondye vivan an. An depi de yo menm, de bagay sa yo, nou se youn ansanm! Se vre. Ke li Metodis oswa Batis, frè, si li ne de nouvo epi ranpli ak Sentespri, li se frè m. N ap mache zèpòl ak zèpòl. Dakò. Wi, mesye. Sa pa fè okenn diferans.

<sup>113</sup> Moyiz. Pafwa m konn vire gade epi m di: “Ou konn gwoup fanatik Pannkotis sa yo, Frè Branham, poukisa ou ta dwe janm ale ak yon gwoup konsa?” Ou konn yon bagay? Moyiz te konn gade timoun Izrayèl yo. Li te konn gade nan menm fenèt ke Farawon te konn gade a. Farawon te konn gade yo antan ke yon bann moun k ap brase labou, men Moyiz te konn gade yo antan ke moun Bondye te chwazi. Li te konnen yo te gen pwomès la. Poukisa? Li te konn sa pa Pawòl la. E pa lafwa. . . Ak pye l sou twòn lan, pou vin Farawon, ak lemonn antye ki blayi nan pye l, li te chita la pou y ap vide diven nan bouch li, ak bèl fanm k ap fè van pou li, antan ke lanperè, oswa diktatè, oswa wa mond lan, jenn Moyiz, a karantan daj, te gen sa nan men l. Li t ap gade pakèt moun ki t ap brase labou sa yo, men li te konnen ke l te youn ladan yo. Alelouya! Se sa. Li te konnen ke l te youn ladan yo. E pa lafwa, sèlman, li te fè chwa l!

<sup>114</sup> Tout moun dwe fè yon chwa. Ou dwe fè yon chwa. Ou pral fè yon chwa kounye a. Ou pral fè yon chwa maten an. Ou pral fè yon chwa demen swa, si w vivan. Pafwa ou oblije chwazi. Frè, sa fè lontan m te chwazi. Bib sa te diksyonè pa m. Bib sa te Liv Lavi pou mwen. Bib sa te Pawòl Bondye a. Bib la se sou sa vi mwen baze. Bib sa se sou sa m kanpe.

<sup>115</sup> Poutèt sa, Moyiz te konsidere timoun Izrayèl yo. E li pat kontante l sèlman pou l di: “O, yo se yon pèp mèveye. M pa gen anyen kont yo. O, non, m pa t ap pwononse yon sèl mo kont yo.” Se fason sa anpil moun ajì jodi a. “O, Pannkotis sa yo ak moun sa yo ki gen Sentespri a, ak moun sa yo ki kwè nan gerizon Divin, o, mwen—mwen—mwen pa gen anyen kont sa.” Men se pat Moyiz. Li te kite Lejip e li te vin youn nan yo. Li te soti ale pami frè l yo. Li te youn nan yo.

<sup>116</sup> Frè, se la m ap dirije m. M ap pran pozisyon ak ti ponyen meprize ki pou Seyè a, menm si se youn ti ponyen, kèlkeswa sa l ye a. Yo gen yon pwomès, e m wè non yo nan Liv Lavi Ayo a. Yo se frè m. Se vre. Fè chwa w epi kanpe avèk yo. Ke yo gen tò oswa rezon, kanpe la kanmenm. Si yo gen tò, ede yo fè sa ki byen. Se vre. Ou p ap janm rann yo meyè lè w ap malmennen yo. Ou wè, eseye fè yo soti la.

<sup>117</sup> Charlie, jan yo te di l la konsènan Frè Allen, apwopo de dife yo. . . zafè san nan men an. M te di: “Jamè, m pa t janm rabese A. A. Allen.” M te di: “Si m te ka preche tankou A. A. Allen, m pa t ap janm menm gen yon sèvis gerizon.” Bon, kan li kesyon de dezakò sou zafè san nan men, ke se prèv Sentespri a, M pa dakò ak sa. Men kan li kesyon de lyen fratènèl, li se frè m. M kole zepòl ak zepòl avè l nan batay la. Se vre. Si l gen tò, m ap eseye ede l.

E si l pa gen tò, si m gen tò, m vle l ede m. E se fason sa n ap—n ap vanse ansanm. Bon obsève la.

. . . li te *MISTÈ, BABILON*. . . *MANMAN PWOSTITYE YO*. . .

<sup>118</sup> Kounye a èske nou wè kijan legliz ye jodi a, zanmi, èske nou ka wè kijan legliz sa yo jodi a jis ap viv nenpòt jan yo vle viv? “Se pafètman annòd, pike pou pi devan,” se chen manje chen, yo pa fè okenn atansyon. “Ebyen, pa gen okenn mal nan sa, ou jis ap eseye vin demode.” Kounye a siveye doktrin yo. Bon m vle. . . Kounye a obsève. Sa se abitud yo. Èske w konsyan, ke kèk lane de sa, legliz Katolik te sèl sila ki te pèmèt moun al nan sinema? Legliz Metodis pa t ap menm panse a yon bagay konsa. Tout denominasyon yo, “Non! Sa se zèv dyab la.” M ap mande sa k te rive. Wi, mesye.

<sup>119</sup> E ou konnen, ou va pran jenn fi Katolik sa yo, yo soti avèk ti sa yo. . . (Bon, kèk nan nou vye gason tankou m yo.) . . . te konn soti pou remake ti bagay sa kote yo te genyen l anwo jenou. Endividi sa, m kwè, nan lanfè, aswè a. M pa konnen. M pa jij li. Men kan l te fè premye ti chante sal sa ki te glise soti nan radyo, san yo pa t sansire l, zafè: “Woule yo, tifi yo, woule yo; woule yo desann pou montre bèl jenou nou yo.” Konbyen moun ki sonje sa kan premye sa te soti a, plizyè lane pase? Se te premye glisman an drèt la. Se vre. E kan yo te gen nèg sa ki te sot Texas, epi yo te pran fanm sa yo deyò a la pou te itilize souvètman sa yo pou fè yo parèt yon bagay ke yo pa t ye, ak bagay konsa, pou kite yo chape san anyen pa t fè ak sa. E kounye a kisa sa te fè? Sa te fofile antre. Se yon espri.

<sup>120</sup> Yon nonm t ap pale, lòt jou. Li te di: “M pa konn kisa m pral fè. M gen yon bon gason, onèt, e jenn gason sa vin rive nan yon pwen li pran tout sa k tonbe anba men l.”

M te di: “Poukisa?”

“Li asosye l ak yon vòlè.”

<sup>121</sup> Rete ap trennen avèk yon moun ki se yon vòlè, ou va vin yon vòlè oumenm tou. Vye manman Kentucky m lan te abitye di: “Si w dòmi ak chen ki gen pis, ou va reveye ak pis, tou.” Pran yon—pran yon fanm ki pa bon, epi kite. . . yon tifi, epi mete l avèk yon—yon bon gason de byen, e premye sa w aprann li vin menm jan ak yon chen mechan. E se vis vèsà. Yo rekonèt ou pa moun w ap frekante. Separe tèt ou! “Soti nan mitan yo,” Bib la di, “separe tèt ou!” Se vre.

<sup>122</sup> Si denomsasyon yo a retounen nan jan de kòripsyon tankou kite moun yo al. . . Ebyen, isit la lòt jou, nan yon bèl gwo legliz Batis, yo te oblije kite moun yo soti. Li te ka preche sèlman ven minit, se sa nonm lan te genyen, paske pastè a te dwe al fimen. Tout kongregasyon an te soti deyò. Yo tout te kanpe deyò a la ap fimen an chèn, e yo te retounen ankò, pastè a ak yo tout. M t al nan yon legliz Kongregasyonalis, men yon nonm ki te kanpe, ak

yon gwo wòb long sou li, li te kanpe la, li t ap di, li te panche sou chè a *konsa*, li t ap pale konsènan on jan de flè li te jwenn anwo sou kolin lan. Se te apeprè tout sa ki te genyen, epi li te soti deyò. Zong li yo te tou jòn ak lafimen sigarèt. Wi. E se te konsènan fanm, ak nonm ki ta pral jwe. . . Se ki jwèt Alman sa ke yo konn jwe a, sitèlman ke ou—ou konn itilize kat, ou konnen? Te gen. . . O, m panse m te ka sonje l. Jwèt kat belòt, yo ta pral gen yon jwèt kat belòt. M panse ke se sa. Ya, se kote ou fè zafè. Se yon jwèt kat abityèl. Yon jwèt kat belòt, nan sousòl la! O la la, alatraka! Se la fondman l ye. Se pa etonan! Poukisa y ap fè sa? Epi y ap pran abò fidèl legliz Katolik yo deyò a la ki nan plas Rotary sa yo pou jwe lotri. Ebyen, nou menm Pwotestan yo nou jis souye menm jan ak yo, kifè kisa nou ka di konsènan sa? Chodyè paka di kasròl “li sal.” Se sèten l pa kapab. N ap fè sa, apre sa pou di: “Ebyen, m se Presbiteryen. M se Metodis.” Ou pa anyen jouk ou ne de nouvo. Se vre. E lè w fè sa, ou konnen, gen yon bagay nan ou ki di w ke bagay sa yo pa bon, e ou va soti ladann jis osi sèten ke w pa pi wo ke twa pòm. Ou konnen ke sa se Laverite. Sètènman. Wi, mesye. Bagay sa yo w ap mache ladann. Poukisa?

. . . *MANMAN PWOSTITYE YO* . . .

<sup>123</sup> Youn nan jou sa yo, vye manman an va di: “Nou konn yon bagay? Apre tou, cheri, nou toulède se menm.” E alò nou va konnen kisa sa ye? Konfederasyon Legliz yo va ini yo tout ansanm jan yo ye kounye a. E nou konnen kisa k pral rive a yon ti gwoup tankou sa a? Nou va peye pou sa, ti mesye. Se egzakteman sa.

<sup>124</sup> Men pa fatigue nou, Ayo a va venk li. Paske Li se Seyè tout seyè, epi Wa tout wa, e Bondye va kondwi Legliz Li, olye yon denominasyon. Li va vide Lwil dore Sentespri sa sou Legliz sa. Frè, Dife va tonbe sot nan Syèl, epi siy ak mèvèy va rive, jan nou pat janm wè sa anvan. Wi, mesye. “Piga w pè, ti twoupo, se bon plezi Papa w pou L ba ou Wayòm lan.” Wi, mesye. “Sila ki kenbe fèm jouk sa kaba!” Men ni. Kontinye avanse sou wout la. Kenbe tèt ou dirije sou Kalvè. Bib sa vrè. Piga w enkyete.

<sup>125</sup> Kounye a obsève. Gen kèk abitud yo genyen. Kèk nan zafè moral ke yo genyen. Nou te ka jis kontinye nèt ale. Premye bagay ou konnen, sa te enfiltre nan legliz Pwotestan yo. Lè sa a fanm Katolik yo kòmanse ap. . . Ebyen, pa gen anyen mal pou pote ti bout pantalon, toutotan yo t al legliz epi yo te mete yon ti mouchwa sou tèt yo. Yon jan de tradisyon: “Piga w manje okenn vyann nan vandredi.” E, o, ki kote ou te janm jwenn pou w mete yon mouchwa sou tèt ou pou antre nan legliz? Mwen vle w montre m Ekriti a. Se fo pwofesi. Ki kote sa ye nan legliz ke w sipoze pote yon chapo nan legliz? Lè w mete yon chapo sou tèt ou, ou dezonore Kris, se vre; m ap pale pou mesye yo. Medam, nou deja gen yon vwal, men m bay nenpòt moun lan defi pou montre m ki kote se yon chapo oswa yon mouchwa. Se cheve nou! Poutan nou



koupe tout. Bon sa w panse de sa? O, yo va di: “Sa pase mòd.” Si se sa, se Bib la! E Pawòl Bondye a vrè.

<sup>126</sup> M t ap pale isi a, sa pa fè lontan, de fanm sa ki te lave pye Jezi a, ki te pran cheve l, ou konnen, pou—pou l te siye l avèk yo. M te di: “Sèl fason pou yon fanm te ka fè sa, se pou l ta kanpe sou tèt li pou l ta gen cheve l desann ase long pou lave pye L, pou siye l avè l.” Se vre. O, se sa, se yon wont pou wè fason ke . . . Isi a, ak tanperati byen frèt, y ap pwonmennen ak yon ti bout manto konsa sou yo, pou ap montre fòm kò yo.

<sup>127</sup> Bon ou va di: “Poukisa w ap mete pou fanm yo konsa?” Nou bezwen pou yo mete pou nou.

<sup>128</sup> E nou menm mesye yo ki kite madanm nou fè sa, frè, mwen—mwen pa konn kisa pou m panse de ou. Bon, se vre.

<sup>129</sup> E nou menm pastè yo, m pa konn si nou isi a. Men si w wè nèg la, di l vini, di l vin wè m. Ou wè? Si l pa gen okenn respè pou Kris nan pwen ke l kite kongregasyon l nan lib ak sa san . . . La li . . . Yo ka fè l laba dèyè do l, men si l pa di yo anyen sou sa, li pa on sèvitè diy de Jezikri. Se egzakteman vre. Li pa diy pou l yon sèvitè Kris. Yon sèvitè Kris pa dwe gen laperèz lè se Bib la ki an koz. Sètènman. Men men yo, yo soti e yo fè l kanmenm.

<sup>130</sup> E lè sa, premye bagay ou konnen, Pwotestan yo te oblije ranmase sa. Nou menm bon Metodis, ak nou menm Batis, e nou menm Presbiteryen, oswa Nazareyen, Pèlerin Sentete, ak nou tout, menm bagay, nou te antre tèt nou ladann, se menmman parèyman. Men ni, “Manman pwostitye yo.” Denominasyon w lan: “Toutotan yo te kòmanse nan katye jeneral la ki diferans sa te fè?” Ou wè? Sa fè tout on diferans. Sa pa t janm kòmanse, Katye jeneral sa. Petèt sa te kòmanse nan katye jeneral ou a anba isit la, men pa nan Sila ki anwo La. Sa depan de ki kote w soti. Se vre.

<sup>131</sup> Bon, m pa kwè ke nou gen tan pou rive nan lòt sa, petèt m ta fè mye kite l pou jou maten k ap vini an. Dakò, annou jis pran ti piti sa ki kout. Nou gen, la, “batèm dlo a.” Nou genyen tou “predestinasyon,” e, o, anpil bagay. Kifè ann jis pran sa a, ti piti sa, tou kout sou “fanm predikatè,” epi ann pran sila a.

<sup>132</sup> Bon, kounye a, medam predikatè yo, m pa vle blese santiman nou, men m vle di nou yon bagay. Nou pa gen yon tikras Ekriti, menm pa youn nan Bib la. Wi, m konnen ki kote w vle ale, e m te sezi tout sa ki pa w, wi: “E pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.” Kounye a, si pastè w pa konn kisa non “pwofesi” a vle di, li—li pa konn anyen. Li pa tèlman gen plas li dèyè chè a, antan l ap eseye ankouraje w pou w yon predikatè. Ou wè? Koz la, absoliman, li kondane depi Jenèz jouk nan Apokalips. Kounye a kite m montre sa, ou wè.

<sup>133</sup> Kounye a m vle nou swiv mwen nan Premye Timote 2:11. Jis ale la e nou va jwenn sa kounye a, e nou va rive sou sa la, tou,

nan Ak 2 pa w la. Wi. E jis—jis koute la sa Lèzekriti gen pou di konsènan sijè sa.

<sup>134</sup> Bon, gen yon moun ki kontinye ap di: “Ebyen, Frè Branham, ou se jis yon vye mizojin.” Mwen pa yon mizojin. M se yon . . . M jis pa renmen wè fanm k ap eseye pran yon plas ki pa pou yo.

Nou sonje nan Howard Shipyard isit la, youn nan chantye naval ki gen plis siksè ki egziste sou Rivyè Ohio a? Yo te mete yon fanm alatèt li. Gade kisa k te rive.

Yo te bay fanm dwa pou vote. Gade sa k te rive.

<sup>135</sup> Pèmèt mwen di w kounye a la. Pa jis pou ap kòche fanm. M vle ke mesye yo konprann ke nou ladann tou. Men kite m di nou yon bagay, frè. Nasyon sa se yon nasyon fanm. M pral pwouve w sa, pa Lekriti, pa tout sa ke w vle l pwouve. Sa a se . . . Kisa ki enprime sou biyè lajan nou yo? Yon fanm. Ki kote w te jwenn li? Nan Apokalips, la, ou wè l. Li se nimewo trèz, tou, tout sa l te kòmanse; trèz etwal, trèz tras bann, trèz koloni. Trèz, tout bagay te trèz, pou kòmanse. Li parèt nan chapit 13 Apokalips la. Yon fanm, trèz!

<sup>136</sup> E an 1933, lè Seyè a . . . Lè nou te konn gen reyinyon bò isit la kote legliz de Kris sa ye kounye a, ansyen kay Masonik la, vizyon Seyè a te vin jwenn mwen anwo la pou te predi ke “Lalmay t ap monte pou mete Liy Majino sa la.” Anpil nan nou sonje sa. Epi jan yo tout t ap fòtifeye anndan la e Ameriken yo ta pral resevwa yon bon baton drèt la kote liy sa. Epitou sa te di kisa k ta pral rive, konsènan Roosevelt ak bagay sa yo, jan l ta pral fè kanpay pou pran katryèm manda sa. Pafètman, jis egzaktaman fason sa te rive a. E sa te di tou ke machin yo t ap vin sanble pi plis ak yon ze, jouk nan dènye jou yo kote yo t ap jis gen fòm yon ze. E m te di: “Sa va rive ke machin sa yo pa pral pilote pa yon volan. Sa pral yon lòt bagay ki va kondwi yo.” Se machin sa yo ke y ap fabrike kounye a menm, ak kontwòl a distans, pou sekirite. Se egzaktaman sa. Ou p ap kapab antre nan yon vil . . . Alò, yon zòn yo mande ven mil, ou ka woule jis a ven mil. Ou pa ka frape yon lòt machin, paske li kontwole a distans. Ou wè, sa ap kontinye konsa, jouk kounye a. E m te di: “Sonje, nan jou sa, anvan tan lafen an rive, anvan tan lafen an rive, ke yon fanm . . . Bon, nou tout pran sa an nòt. Va gen yon gran fanm pwisan ki va parèt, swa kòm Prezidan, oubyen yon diktatè, oswa yon gran fanm pwisan nan Etazini. E li va koule, anba enfluyans fanm. Kounye a, sonje, se ENSI DI SEYÈ A.” Ou wè?

<sup>137</sup> E li gen tò. E poukisa l ap fè chemen? Pèmèt mwen di w li. Ke w ka espriorityèl. Pèmèt . . . Prepare w. Gade. Poukisa l ap fè sa? Pou bay legliz katolik yon plas pou antre. Ou wè? Nou adore vedèt sinema sa yo ak tout diferan lòt bagay sa yo deyò a. Nou sonje sèmon m te preche a? Margie, ou sonje sa, sa fè plizyè lane, sou—sou envazyon Etazini, pou ranvèse gouvènman Ameriken an. Epi jan ke m te di li ta pral a Paris apre nou te fin sove yo laba

de fanm sa, bwè diven ak pase bon tan. E sa te limen jis anba nan Hollywood. Kounye a, olye pou se nou ki pral a Paris pou jwenn modèl, se yo k ap voye moun isi a pou jwenn modèl. Kisa sa te fè? Sa te . . . Nou pa tap kite timoun nou yo al nan sinema, men li te enstale drèt la nan televizyon, sa te deplase tou dwat pou te kontamine tout bagay la nèt, pou te fè l soti deyò. E men nou jodi a, tout jenn tifi ak tigason, yo tout renmen imite kèk nan jan de vedèt televizyon sa yo. Kisa sa ye? Sa ap fè chemen. Gason mwen, yon fanm movèz repitasyon ka voye plis moun nan lanfè ke tout kote ki vann alkòl ou ka mete nan yon vil. Se vre. Obsève l k ap desann nan lari a ak rad li yo ki montre tout kò l, m pa fè ka de kimoun nonm lan ye, si se yon nonm nòm al an sante, lè l gade fanm sa li oblije gen yon bagay ki travèse l. Bon jis onèt. Pe enpòt . . .

<sup>138</sup> M te resevwa Sentespri a sa fè plizyè lane. Ou pa ka gade yon fanm ki abiye a mwaye . . . Mwen—Mwen mete yon ti kwa nan machin mwen, anpil nan nou te wè l. Yon moun te di m: “Èske w se Katolik?” Depi kilè Katolik te janm mize sou kwa a? Kwa a vle di “Kreyen.”

<sup>139</sup> Ti sent Sesil ak bagay sa yo se mak fabrik Katolik. Nou pa kwè nan jan de bagay konsa. Nou kwè nan Kris. Yo gen tout sòt de mò ke yo adore. Se yon fòm siperyè nan zafè espirityalis. Se tout sa sa ye, zafè ap adore mò. Pa gen anyen ki vrè nan bagay konsa, non.

<sup>140</sup> M te mande prèt sa. M te di: “Poukisa, alò, si . . . Pyè se te premye pap la?”

Li te di: “Se vre.”

<sup>141</sup> M te di: “Alò poukisa Pyè te di, ‘Pa gen okenn lòt medyatè ant Bondye e lòm ke Nonm sa Kris Jezi?’ Epi nou gen senk mil fanm mouri, ak tout lòt bagay, nou fè yo medyatè. Kounye a kisa k pase?” Men bagay la. Yo pa gen yon repons pou sa. Se vre.

<sup>142</sup> Kounye a kèk nan doktrin yo, fo doktrin yo a, on pakèt fo pwofèt Pwotestan vini pou anseye sa, e nou menm moun Pwotestan yo n ap vale sa. Se egzakteman sa. Denominasyon ak tout fòm de batèm, ak diferan òd ak bagay n ap pase atravè yo la, ki absoliman pa selon Lekriti. Se kontrè a sa, nan Lekriti, poutan n ap koube do nou drèt devan sa. Se laverite.

<sup>143</sup> Bon koute sa konsènan fanm predikatè yo. Dakò. Premye Timote, m vle pran Premye Timote 2:11. Kounye a koute sa L di la.

*Ke fanm yo tande enstriksyon yo an silans nan tout soumisyon.*

*Men M pa pèmèt fanm anseye, oswa pran otorite sou lòm, men ke l rete nan silans.*

<sup>144</sup> M pa responsab pou mete sa la. M responsab pou di nou ke li la. Ou wè? Ou wè?

*Ke fanm yo koute enstriksyon yo an silans e an tout soumisyon. (Si nou te janm ale nan yon legliz Òtodòks pou ap obsève yo, ou wè. Ou wè?)*

*Men m pa pèmèt fanm lan anseye, oswa pran otorite (vin on pastè, dyak, oswa yon bagay konsa) sou lòm, ou wè, pran otorite sou lòm, men ke l rete an silans.*

*Paske Adan te fòme an premye, epi Èv apre sa.*

<sup>145</sup> Èske nou te konnen? Kounye a koute, fanm yo. Nou menm fanm Kreyèn kòrèk yo nou se pi bon bagay ke Bondye ka bay on nonm, osinon Li t ap ba li yon bagay diferan. Wi, mesye. Ou wè? Yon fanm pa t menm nan kreyasyon orijinèl la. Fanm lan pa yon pwodui ke Bondye te kreye. Li se yon sou pwodwi ki soti nan lòm. Bondye te fè lòm, alafwa mal e femèl. Epi Li te separe yo. E apre ke lòm te deja viv sou tè a epi bay bèt yo non, te viv isi a pandan lontan, Li te pran yon zo kòt soti bò kòt Adan, antan ke yon sou pwodui, epi L te fè yon fanm avèk sa. “Adan te fòme an premye, epi Èv ansuit.” Kounye a obsève.

*E Adan pa t sedui, men se fanm lan poutèt li te sedui ki te koupab nan dezobeyisans.*

<sup>146</sup> Bondye te met men sou lòm lan. Dyab la te met men sou fanm lan. Gade li, toudwat nan figi w, kisa k ap fè sa jodi a. Gade vrè Legliz Bondye a, Li va di: “Jezi!” Antikris la va di: “Mari!” Obsève espri sa yo. Ou wè? Men yo. “Bonjou Mari, manman Bondye, ou beni pami fanm yo, e priye pou nou pòv pechè kounye a menm, epitou lè nou va mouri. Amèn. Mari, priye!” O, la la, gras lamizèrikòd! Ou wè, men bagay la, “fanm yo,” esklav dyab la. Kris, sijè adorasyon, e se Yon sèl la! Men ni. Men ni.

<sup>147</sup> “Adan te fòme an premye, e Èv ansuit.” Adan pa t sedui. Kouman w ka fè gen yon fanm kòm pastè, kòm dyak? Adan pa t sedui, men se fanm lan ki te sedui. An reyalite li te . . . Li pa t konsyan li te nan erè, men li te nan erè. “Poutèt fanm lan te sedui li te koupab nan dezobeyisans.” Paske, akòz de li, chak fwa ke yon—yon kòtèj finèb ap desann nan lari a, se yon fanm ki te lakoz li. A chak fwa yon ti bebe kriye, se yon fanm ki te lakoz li. Chak fwa yon moun te mouri, se yon fanm ki te lakoz li. Chak cheve gri, se yon fanm ki te lakoz li. Tout bagay, epi lanmò, se yon fanm ki te lakoz li. Tout sa ki mal, se yon fanm ki te lakoz li. E apre sa pou w ta mete l nan tèt legliz, kòm pastè, o, kòm evèk pafwa. Wont pou li.

<sup>148</sup> Kounye a kite m atire atansyon nou sou sa, yon lòt, jis pandan yon minit. Ou wè? Bon annou ale nan Premye Korentyen 14:32 la, pou wè kisa Pòl di isit la, e apre sa nou pral dirije nou dwat sou kèk pi plis, jis nan yon minit. Epi nou pa vle kenbe nou twò lontan, ki va rann nou si tèlman fatige nan maten ke nou p ap kapab retounen. Dakò. M vle li. Konbyen moun ki kwè ke Pòl se te yon anseyan enspire? Bon, sonje, Pòl te ekri sa a bay Timote

tou. Ou wè? Sa, kounye a, Premye Korentyen 14:32. Bon, annou kòmanse drèt isit la, epi kòmanse li isit la, 14:34, mwen kwè.

*Ke fanm yo fè silans nan legliz yo: . . .*

149 Èske nou te tandè sa l te di?

*Ke fanm yo fè silans nan legliz yo: paske yo pa pèmèt yo pale; men ke yo rete nan soumisyon, . . .*

150 Èske nou gen yon nòt a kote nan maj paj la sou sa? Si nou genyen l, retounen ladann pou wè si sa pa refere a Jenèz 3:16. Lè Bondye te di Èv, poutèt li te koute sèpan an olye de mari li, ke li t ap domine sou li tout jou nan vi pa l. Kouman pou fanm lan ta ka vini pou domine sou lòm, pou vin pastè oswa dyak, alòske Bib la di ke li demere nan “soumisyon,” jis jan sa te ye nan kòmansman an? Kan Li . . . Bondye—Bondye pa ka chanje. Ou pa ka fè Pawòl la di yon bagay *isi a* epi yon lòt bagay *laba a*. Li p ap fè l. Se menm bagay la tout tan.

151 Kifè, nan kòmansman, se la, anvan sa a fini, si m gen yon chans, M vle korije dosye *Maryaj Ak Divòs* sa pou nou. M poko janm fè sa nan legliz sa ankò. Men obsève doub alyans sa a. Genyen ki di li ka marye; gen lòt ki di yo paka marye; epi sila di *sesi, sela*, oswa se *lòtbò*. Jis tann yon minit pou wè sa Bib la di, kan nou va rive sou sa. Ou wè? Dakò. Kounye a obsève la.

*Ke fanm yo fè silans nan legliz yo: . . . yo pa pèmèt pou yo pale; men yo òdone yo pou yo rete nan soumisyon, menm jan lalwa di l tou.*

152 Epitou, nan Ansyen Testaman, yo pa t pèmèt yo pale, paske Pòl di la yo pa t pèmèt yo. Èske se vre? “Ke fanm yo fè silans. Sa vle di soumisyon.” Bon si w ta pran referans nan maj paj la, sa t ap fè w retounen nan Jenèz 3:16. Ou wè? Dakò. “Anba, menm jan ak sou lalwa.”

*E si yo . . . vle enstui yo sou nenpòt ki bagay, ke yo . . . kesyone—kesyone mari yo . . . lakay: paske se yon wont pou yon fanm ap pale nan legliz.*

*Kisa? . . .*

153 Kounye a remake pwèn dentèwogasyon sa nan chak Bib nou yo la, sou zafè sa, “Kisa?” Kisa ki te lakoz Pòl di sa pou prezante l jan sa? Bon, si jamè ou ta pran lèt ke Korentyen yo te ekri Pòl. Kounye a, ou ka jwenn yo nan tout bon bibliyotèk, ou wè, sa Korentyen yo te ekri Pòl. Yo te ekri pou di l, apre fanm sa yo ki te fin konvèti . . . Yo te gen yon—yon deyès laba, ki te rele “Dyàn.” E li te sot Efèz, tou. E Korentyen yo te konn adore menm bagay la, paske se te yon adorasyon payèn. E yon jou yo te jwenn yon wòch deyò nan chan an, li te gen fòm yon fanm. Yo te di: “Bondye se yon fanm, e li te pèmèt imaj li desann vin jwenn nou.” Epi tanp pa yo a te depase tanp Salomon an, se istòryen yo ki te di l. O, li te tout an mab, dekore ak lò; alòske, tanp Salomon an te fèt ak bwa sèd, dekore ak lò. Ou wè? E li te depase l anpil. E konsa, alò,

si Bondye te yon—yon fanm, ebyen, se sèten, li te ka gen fanm prèt. Sèten, si Bondye se yon fanm, alò zafè fanm predikatè a kòrèk. Men, Bondye se yon Nonm. Bib la di Li te yon Nonm, e Li se yon Nonm. Ou wè? E si Bondye se te yon Nonm, alò sa ta dwe lòm.

Kounye a remake la, “Kisa?”

<sup>154</sup> Bon, kèk nan fanm prèt sa yo, lè yo te konvèti de paganis a Krisyanis, yo te panse ke yo te ka kenbe pozisyon yo antan ke predikatè, jis kontinye nèt ale. Si yo te preche laba konsènan Dyàn, yo vin isit la pou preche konsènan Kris.

<sup>155</sup> Li te di: “Kisa? Èske Pawòl Bondye a te vin jwenn. . .” Jis koute Sa a. Frè, kijan minis yo ka fè sa? Vèsè 36.

*Kisa? èske pawòl Bondye a te vin jwenn ou? oswa èske l te vin jwenn ou menm sèl?*

*Si yon nonm kwè limenm li se pwofèt, oswa espiryèl (li pa menm oblije on pwofèt; jis yon nonm ki gen panse espiryèl), ke l rekonèt ke bagay mwen ekri w yo se kòmandman Seyè a. (Nou kwè sa?)*

*Men si li menm, si l vle inyore l, jis kite l inyore l.*

<sup>156</sup> Bon, se jis osi dirèk ke m konnen pou mete l. Ou wè? Li te di: “Si yon nonm espiryèl, oswa pwofèt, li va rekonèt ke sa m ekri a se Kòmandman Seyè a.” Men li te di: “Si l—si l vle inyore l, jis kite l inyore l.” Ou wè? Se sèl bagay ou ka fè. Si yo vle anbake ladann, ou jis oblije kite yo kontinye, paske li te wè l ap kòmanse la.

<sup>157</sup> Yon fanm te di m, li te di: “O, Pòl se te jis yon vye mizojin.”

<sup>158</sup> Li pa t yon mizojin. Ou konnen, Pòl te apot, pou Legliz Moun lòt Nasyon yo. Gade. Èske nou te konnen ke Pòl. . . Konbyen moun ki kwè ke se sa Pòl te preche? Èske se pa sa li—li te di la? Epi Pòl te di. . .

<sup>159</sup> Ou di: “Ebyen, tann yon minit kounye a, Frè Branham. Jis yon minit! Bon, evèk pa nou an di ke se kòrèk. Siveyan jeneral, Asanble yo, di ke se kòrèk. Evèk Inità yo di ke se kòrèk.”

<sup>160</sup> M pa fè ka de sa yo di. Se fo! E m te di nou ke nou ta pral frape sa fò. Fo pwofèt yo te gen pou di sa. Paske Bib la di: “Si yon nonm panse pou tèt pa l ke li espiryèl, oswa pwofèt, ke l rekonèt ke sa m di a se Kòmandman Seyè a.” E si lespri l pa rann temwayaj de Pawòl sa, li se yon fo pwofèt, pou kòmanse. M ta prefere yon mizojin ke yon dòlotè fanm, pou ap pèmèt jan de bagay konsa, pou ap aksepte jan de bagay konsa nan Legliz Bondye a, ki kontrè a òdonans Bondye. E Pòl di. . . Pran Galat 1:8. Pòl di: “Si yon Anj ki sot nan Syèl ta vin preche yon lòt levanjil ke sa m te preche w la, madichon pou li.” Bon kisa w pral fè ak Sa?

<sup>161</sup> Bon ou va di: “Sa k rive ak kote Yo di: ‘Pitit gason ak pitit fi w yo va pwofetize,’ nan Jowèl la, epi—epi kote Pyè te refere nan Jou Pannkot la?” Se egzakteman vre.

162 Èske w te konnen, nan Ansyen Testaman, ke sèl fason, e se sèl fason kounye a, pou yon moun ka antre nan alyans lan, se atravè, se pa . . . Abraham te sila ke yo te bay pwomès la, epi so pwomès la—la se te pa sikonsizyon. Konbyen moun ki konn sa? Se te Bondye ki t ap bay konfimasyon.

163 Tankou yon frè Batis, li te di: “Frè Branham, ebyen, nou menm Batis nou te resevwa Sentespri a.”

Mwen di: “Kilè nou te resevwa L la?”

Li di: “Nan moman nou te kwè a.”

164 Mwen di: “Pòl te di: ‘Èske nou te resevwa Sentespri a depi nou te kwè a?’” Ou wè? Mwen di: “Bon, nou menm Batis vini pou n jwenn kichòy nan Sa, e nou va pale de sekirite Etènèl avèk ou.” Mwen di: “Men, ebyen, se ki kote nou te jwenn Li konsa?” Ou wè?

165 Li di: “Èske nou te resevwa L *depi* nou te kwè a?” Yo te kwayan, e yo t ap rele ak kri lajwa ak tout lòt bagay. Yo pat ankò resevwa Sentespri a. Pòl di ke yo pat ankò. Ou wè? “Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?”

Yo di: “Nou pa t konnen si te gen yon Sentespri.”

Li di: “Alò kouman nou te batize?”

166 Yo di: “Nou te batize.” Men, li te fo, ou wè. Kifè li te oblije rebatize, ankò. Dakò.

167 Bon remake sa a kounye a, ke fanm predikatè sa yo, lè yo te antre, yo te panse ke yo ta pral pran otorite pa yo. Men Bondye absoliman pa t pèmèt pou fè sa. E kite . . . pandan nou jis sou sijè sa isit la, fanm sa yo, ou wè. E la, kounye a, li di: “Si gen yon nonm pami nou, ki espirityèl, oswa pwofèt, ke l rekonèt ke sa m ekri a se Kòmandman Seyè a. Men si l vle inyore l, kite l jis inyore l.” E se poutèt sa . . . tabènak sa pa pozisyon l pou òdone fanm predikatè, fanm dyak, oswa tout zafè pou fanm ta fè antan ke pozisyon nan legliz sa, se poutèt Ekriti sa a tabli la e sa aklè.

168 Bon, Bib la di efektivman: “Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.” Kounye a, kisa mo *pwofetize* a vle di? Gade l byen. Se pou “di yon bagay, anba enspirasyon,” oswa “predi yon bagay.” Se yon mo konpoze.

169 Jis tankou *sanktifye* vle di “netwaye, epi mete sou kote pou fè sèvis.” Ou wè? Osinon, se yon mo konpoze, ki vle di plis ke yon sèl bagay, tankou nou gen anpil an Angle isit la.

170 Tankou, nou te ka di mo sa “board.” Ebyen, kisa *board* te ka vle di? Ou va di: “Ebyen, li vle di li te peye *pansyon* li.” “Non, li pa t janm fè sa. Li te vle di ke li te *pèse* yon twou.” “Non, li pa t janm fè l. Li vle di ke li te *nui* l.” Oswa, ou wè, jis yon mo, ou dwe konnen de kisa w ap pale. Ou wè?

171 E se konsa sa ye avèk mo konpoze sa a, kote li di: “Pitit gason ak pitit fi w yo va pwofetize.” Bon, sèl fason ke Bondye . . .

<sup>172</sup> Batis sa di: “Ebyen, nou resevwa Sentespri a.” Mwen di . . . “Alò kan nou te kwè sa.” M di . . . Bon, ou wè, li di: “Bondye te bay Abraham . . .” Li di: “Abraham te kwè Bondye.” Se fason sa li te plase l. Li te di: “Abraham te kwè Bondye e li te tire benefis pou l te vin yon moun ki jis.” Konbyen moun ki konnen ke se laverite? Kounye a obsève kouman—kouman Satan te ka glise trè fasil sou yon frè. Ou wè, jis byen fasil. Bon, sa selon Lekriti.

<sup>173</sup> Frè, m ap di w, sou chè sa, ou ta dwe wenn anvan w antre nan sa. Ou ta dwe antre nan yon lye sekre pou w priye. Moun yo di: “Poukisa w pa soti al wè moun yo?” Frè, si w pral pale ak moun yo oswa anseye yo, ou ta fè mye rete pou kont ou, ak Bondye, pandan yon ti tan, anvan w monte sou chè sa. Sètènman, ou wè, paske Satan malen, trè malen.

<sup>174</sup> Bon li di, remake, li di: “Abraham te kwè Bondye, e li te tire benefis pou l te vin yon moun ki jis.” Se vre. Li di: “Bon, kisa de plis Abraham te ka fè ke kwè?”

M di: “Se tout sa l te ka fè.”

<sup>175</sup> Li di: “Kisa an plis ou ka fè oswa yon lòt moun ka fè ke kwè?”

<sup>176</sup> M di: “Se tout sa nou ka fè. Men gade, frè, apre sa Bondye te rekonsilye, oswa te rekonèt fwa Abraham. Li te ba li so a, siy sikonsizyon an, antan ke so alyans lan. Ou wè? Li ba li l. Li di, ‘Kounye a, Abraham, M pral rekonèt fwa w, kifè M pral ba w yon siy kounye a kòm kwa Mwen resevwa w.’”

<sup>177</sup> Kifè Li te sikonsi Abraham, e se te so alyans lan. E kounye a nan jou sa . . . Bon, yon fanm pa t ap ka nan alyans sa; sèlman yon fanm marye. Fè rechèch, yon femèl pa t ap ka sikonsi; kifè, yo te dwe antre, li menm ak mari l se youn. Yo pa de ankò; yo se youn. Konbyen moun ki konn sa? Lekriti di sa. Kidonk, poutèt li marye, alò li—li youn youn. Epi kontinye desann isit la pou wè la nan Timote, li di menm bagay la, li di: “Bon malgretou li va sove nan fè pitit, si l kontinye nan lafwa nan sentete ak tout moderasyon.”

<sup>178</sup> Bon, men, la, sikonsizyon Ansyen Testaman an se te nan lachè, men nan Nouvo Testaman sa, Jowèl di: “M va vide Espri Mwen sou tout chè, e pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.” Bon, mo *pwofetize* sa pa vle di anseye. *Pwofetize* a vle di swa “rakonte yon eksperyans, anba enspirasyon,” swa “predi yon bagay ki sou pwen rive.” E nou konnen te gen pwofetès nan Ansyen Testaman an. Yo pa t janm ka pale nan bilding lan, pale nan legliz, nan kongregasyon an, antan ke anseyan. Men li menm, An, ak anpil nan yo nan tanp lan, yo te pwofetès, e yo te . . . Miriam te yon pwofetès, oswa yon bagay konsa. Li te gen Espri a sou li, se vre, men li te limite nan plas li. Fanm yo ka pwofetès jodi a, absoliman; men pa anseyan, ak bagay konsa, pou pase dèyè chè a la. Ou va fè, ou va rann—ou va rann Bib la ap kontredi Tèt li. Bib la paka di yon bagay *isit* la, epi yon lòt bagay *laba*. Li dwe di menm bagay la tout tan osinon Se pa Pawòl Bondye. Ou wè?



Kidonk, “Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize,” vle di ke yo va swa “ap predi” swa “ap temwaye.” Kounye a, byen gade sa, epi pran diksyonè Biblik pou wè si se pa sa. “Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.”

<sup>179</sup> Bon, Bib la pale tou de yon fanm ki te pretann li menm, li se sa, oswa ki te deklare ke li . . . Sa ta ka aplike alafwa pou legliz Katolik, epitou pou . . . pou sijè sa ke nou pral pale sou li kounye a. Annou ale nan Liv—liv Apokalips, e annou pran apeprè chapit 2 a—a epi vèsè 20 an, jis pandan nou toupre l drèt la, pou nou ka remake l la epi jis wè jan bagay sa ka dyabolik, pou ap pale nan dènye jou yo de sa k pral rive, kouman bagay sa yo . . . kisa fanm sa va ye. Sonje, legliz Katolik se yon fanm. Nou fènk sot li l, se pa vre? Koute sa kounye a, jan Sa di. Apokalips 2:20, “Bon malgretou . . .” L ap pale ak legliz Tiyati sa, ou wè, “Bon malgretou . . .” Ki se legliz mwayennaj la, ki te pase atravè Aj Tenèb yo.

*Bon malgretou M gen kèk bagay kont ou, poutèt ou te pèmèt fanm sa Jezabèl, ki rele tèt li pwofetès, ap anseye epi . . . epi fòse sèvitè m yo al komèt fònikasyon, pou ap manje bagay yo fè sakrifis pou idòl. (Ou wè?)*

<sup>180</sup> Kounye a, si nou te janm remake, obsève aj legliz sa yo, apre sa n ap fini. Alò demen maten nou va pran lòt bagay sa yo. Obsève. Nan . . . Anba chandelye annò a nan tabènak Jwif la, a lentyè, ak pen pwopozisyon elatriye, te gen sèt chandelye annò yo. Nou tout nou konn sa. Ou wè? Gen sèt aj legliz. Sa pale de sèt aj legliz yo, yon limyè. Bon si nou remake nan Apokalips 1, nou jwenn Jezi ki kanpe nan mitan sèt aj legliz yo, sèt chandelye annò yo kan l te tounen pou l te wè Sila ki tankou Fis de lòm lan, ki te kanpe, abiye jan sa te ye a. Se te Lepouz ki te kanpe nan mitan chandelye a, ke yo t ap rale soti.

<sup>181</sup> Bon, nan Ansyen Testaman, yo te konn pran . . . yon chandelye, epi limen l, pran lòt chandelye a pou limen l ak sila, limen sa, youn avèk lòt la, konsa, jiskaske yo te fini ak tout sèt chandelye yo nèt.

<sup>182</sup> Si nou remake, nan kòmansman, kan Bondye te kòmanse trete ak Jwif yo, e yo te pase nan peryòd aj dò a. E apre sa aj ki pi sonb nan tretman Jwif yo, ke Bondye te genyen ak Jwif yo, se te sou rèy Akab. E si nou remake, lè w ap li aj legliz sa yo la, Li te retounen drèt ladann ankò. Li di, la: “Te gen kèk bagay anvan,” epi Li te di . . . Kounye a, dirèk nan Aj Tenèb sa, mil senksan lane la, oubyen nan tan Akab, dabò, epi Jwif yo. Tan ki te pi sonb yo te genyen, se kan Akab te marye ak Jezabèl pou te mennen idolatri an Izrayèl, e pou te fè tout moun yo ap adore dapre Akab . . . dapre dye Jezabèl la. Nou sonje, yo te pran, bati idòl yo, e yo te detwi otèl Bondye yo. Epi Elize te kriye fò, li te “yon sèl la,” e Bondye te gen sètsan ki pa t janm flechi jenou yo devan Baal

ankò. Nou sonje sa? Sa se jan de Legliz eli k ap vini an. Gade la? Gade kijan sa ye?

<sup>183</sup> Bon, nan legliz sa, si nou remake premye legliz la, premye legliz la, legliz Efèz la, te yon gran legliz. Li te di: “Ou gen limyè, ankò.” Epi si nou remake, chak legliz, te kòmanse ap etenn, etenn, etenn, jouk li rive nan Tyati. Answit, se te mil senksan lane yo. Alò Li te soti lòt kote a, “E ou gen jis yon tikras limyè. Fòtifye sa ou genyen an, si w pa vle yo wete chandelye w la.” E sa te desann lè sa rive nan aj legliz Filadèlfi a, e apre sa nan aj legliz Lawodise a.

<sup>184</sup> Bon, men bagay ki pi bèl la. O, la la! M jis renmen sa, Frè smith. Ou wè, gade sa. Kounye a, nan aj legliz sa, jan nou te pase atravè. . . Bon obsève sa. Premye aj legliz la se te Efèz, aj legliz Efèz la. Bon, chak nan aj legliz sa yo, jiskaske sa rive nan mil senksan lane sa yo, si nou remake. . . Li sa kounye a kan nou rive lakay nou aswè a, si nou gen tan, oswa bonè nan maten, anvan nou vin legliz, chapit 1, 2 e 3 nan Apokalips. Nou va jwenn, pou chak aj legliz sa yo, Li te di: “Ou gen yon tikras fòs, e ou pa t renye Non Mwen,” jouk Li te rive nan mil senksan lane Tyati sa, Aj Tenèb la. Alò Li te vini lòt kote a, pou di:

. . . ou pote *yon non ke* ou vivan, men ou *mouri*.

<sup>185</sup> Epi sila yo, okenn nan lòt aj legliz sila yo, sa oswa aj legliz Filadèlfi a, pa t janm reprann Non sa ankò. Pa t janm gen Non sa, paske li te pati ale pandan tan sa. Bon, o, ala nou ta ka mete sa sou fo ansèyman sa yo kounye a, drèt la, sa montre w ke se yon manman, legliz Katolik, manman tout bagay la, jan li se “manman, mistè, Babilòn.” E anplis de sa, gade, aj legliz sa la lè l te parèt, li te gen yon ti limyè, apre sa li te kòmanse ap diminye, diminye, e alò li te antre nan yon òganizasyon la a, diran mil senksan lane sa yo. E li te soti kounye a, pa antan ke Legliz Jezikri, men antan ke legliz Katolik. Luther te soti antan ke kisa? Antan ke legliz Literyèn. Batis yo te soti antan ke kisa? Antan ke legliz Batis. Se pa t Non pa L, se pa t Non pa L; se te yon lòt non, “ou te pran yon non.” “Paskè pa gen yon lòt non ki te bay anba Syèl la pou w te ka sove, sèlman Non Jezikri.” “Ou pote yon non ke ou vivan, men ou mouri,” se konsa avèk denominasyon sa.

<sup>186</sup> “O, m se Presbiteryen,” epi w mouri! “O, m se Batis,” epi w mouri! Ou sèlman vivan lè w vin viv nan Jezikri. Se vre. Fo batèm nou yo, nan dlo, fo batèm; ap awoze, vide dlo, olye de plonje; ap itilize “Pè, Fis, e Sentespri,” olye de Non Seyè Jezikri a. Tout bagay fo sa yo te kontinye ap vini, Bib la pale de sa, tankou y ap vide desann jis ak tout fòs yo. Epi la nou tolere sa san pwoblèm avèk yo: “Ebyen, legliz mwen kwè Sa fason sa.” Men Bib la di *Sa a*. Ou wè? Pa gen bagay konsa. Pa gen ankenn bagay konsa.

<sup>187</sup> E pa gen ankenn kote nan Bib la ke yo te janm konn tire lang yo soti pou pran sen Ekaristi a, epi prèt la bwè diven an epi rele sa Sentespri a. Jamè nan Bib la yo pa t janm bay lanmen epi bay

lanmen dwat asosiyasyon an, epi rele sa Sentespri. Ankenn moun pa t janm leve pou di: “Kounye a mwen se yon kwayan,” epi li resevwa Sentespri a. Si sa te fèt, men kijan ou t ap li Ak 2, “E lè Jou Pannkot la te fin rive, yon prèt Women te vin soti sou wout la, e li te gen kole chemiz li vire lanvè. Li te avanse, pou di: ‘Nou tout tire lang nou soti kounye a epi pran sen Ekaristi a, premye kominyon an.’” Èske sa pa t ap yon fason pou li Ak 2?

<sup>188</sup> Ebyen, nou menm Pwotestan yo nou pa bon menm jan an. Retounen la pou ap di: “Bon nou va avanse al jwenn Metodis yo; pou mete yo sou bon bò a, oswa, pou ba yo bon lanmen asosiyasyon an, ak sis mwa apwobasyon.” Ki kote w te li sa nan Ak 2? Ou wè? Ki kote w jwenn sa? Ou wè?

<sup>189</sup> Sa te di: “Alòske yo tout te nan yon sèl plas, nan yon menm akò!” Pa t janm te gen ankenn evèk ki te vini pou fè *sesi*, e pa t janm te gen ankenn prèt ki te vini pou fè *sela*. “Men yon son te sot nan Syèl tankou yon gwo van puisan, e Sa te ranpli tout kay kote yo te ye a.” Men ni fason yo te resevwa L la, wi, mesye, tankou yon gwo van puisan ki t ap desann soti nan Laglwa. Pa anwo sou wout la oswa nan kèk denominasyon.

. . . ou pote *yon non ke* ou vivan, men ou *mouri*.

<sup>190</sup> Ou wè, kredo ak denominasyon w yo fèmen pòt la devan Bondye konsa, jiskaske: “Nou kwè *sesi*, e nou kwè ke jou mirak yo pase.” Se yon fo pwofèt ki di sa. Se yon fo pwofèt k ap di w, ke, “Ou ka bay lanmen pou resevwa Sentespri a.” Se yon fo pwofèt k ap di w: “Ou resevwa Sentespri a lè w kwè.” Se yon fo pwofèt k ap di w: “Yo dwe vide dlo epi awoze olye de batize.” Se yon fo pwofèt k ap di w pou w “batize nan non Pè, Fis ak Sentespri,” alòske pa gen ankenn Ekriti pou sa nan Bib la. Se vre. Pa gen yon sèl Ekriti nan Bib la ki di w batize, sinon kote tout moun te toujou batize a, sèlman nan Non Jezikri. Eksepte, disip Jan yo; e yo te dwe vini, pou yo te rebatize, nan Non Seyè Jezikri, pou yo te ka gen Sentespri a. Se vre. Kounye a, se pa doktrin Jezi Sèl la. Mwen konnen doktrin Jezi Sèl la. Se pa sa. Sa se jis Doktrin Biblik. Se vre.

<sup>191</sup> Men se la ou ye. Kisa w ap fè ak sa? Men manman pa w. Men manman kredo sa yo.

<sup>192</sup> Kounye a, retounen drèt nan Bib la epi di m ki kote ankenn moun te janm awoze. Metodis, Presbiteryen, Katolik, di m ki kote yo te janm awoze yon moun, nan Bib la. Di m ki kote yo te janm vide dlo sou yon moun, nan Bib la, pou remisyon peche. Montre l. Èske w ka jwenn li? Si w jwenn li, vin kote m, e m va desann nan lari a ak yon siy sou do m, pou di: “Fo pwofèt! Mwen te gen tò.” Osinon, jwenn yon sèl plas nan Bib la an antye kote yon moun te janm batize nan non Pè, Fis, ak Sentespri, fason ke katreven pousan nan nou te batize. Jwenn yon sèl Ekriti ban mwen kote yon moun te janm batize fason sa, e m va mete yon siy sou do m, “fo pwofèt,” epi mache desann nan lari a avèk li fason sa.

Epi montre m ki kote yon moun te janm batize konsa, nan nouvo Legliz la, san yo pat retounen vini pou rebatize ankò, nan . . . pa nan non “Jezi” sèlman, men nan Non Seyè Jezikri nou an. Se vre. Verifye si se pa sa.

<sup>193</sup> Epi, la, kisa l ye? Li te manman enpidik. Kisa ki te rann li yon enpidik? Kisa ki te rann li yon pwostitiye? Doktrin li! Kisa ki te rann yo enpidik? Doktrin li!

<sup>194</sup> E se rezon sa kifè nou pa gen tolerans pou denominasyon yo a ak dògm yo a. Nou rete pwòp ak Bib sa. Mwen pa konn jan w rete kòrèk avè L, men yo anseye w Li, kanmenm. Dakò. Sa gade w. Mwen paka fè w viv Li. Mwen sèlman kapab di w sa ki Laverite. Se poutèt sa nou pa yon denominasyon. Mwen pa ta—pa ta vle nou souye tèt nou pou antre nan yon tèl bagay konsa, pou nou ta dwe pliyè anba kèk jan de dògm. Mwen ta prefere pran chemen an ak ti ponyen Seyè a yo meprize yo. Mwen ta pito rete pwòp epi pi devan Pawòl Bondye a, epi rete la epi di: “M pa gen san ankenn moun sou rad mwen.” Se poutèt sa nou rete nan Branham Tabènak la. Se poutèt sa nou pa fè pati de Asanble yo. Se poutèt sa nou pa Initè. Se poutèt sa nou pa Jezi Sèl. Se poutèt sa nou pa Metodis. Se poutèt sa nou pa Batis. Jis youn—yon ti tabènak isit la. Nou pa gen ankenn denominasyon ditou. Nou lib, nan Kris. Se poutèt sa nou rete jan nou ye a. E Bondye beni nou, Bondye ede nou.

<sup>195</sup> Kounye a, nou ka di w poukisa nou pran kominyon, nou ka di w poukisa nou lave pye, poukisa nou pa kite manm yo pran l si nou konnen yo nan peche. Se poutèt sa, de oswa twa dènye semèn sa yo, m t al wè manm yo youn apre lòt, kote nou te konn gen ti dezakò nou yo, tou. M t ap pwonmennen toupatou, youn pa t vle pale ak lòt, epi y ap pase youn sou lòt sou wout la pou ap vire tèt yo tounen. Wont pou nou, ki te pran koup beni Bondye a, devan lotèl la isit la, epi nou te rele nou frè ak sè, e apre sa pran yon telefòn pou ap fè medizans youn sou lòt. Nou pa diy pou nou rele nou Kreyen lè n ap aji konsa. Dakò. Kenbe telefòn sa yo lwen; si nou pa ka di byen sou yon moun, pa di anyen ditou. Sonje, Bondye pral rann ou responsab. Osi lontan ke jan de espri sa sou ou, ou konnen ou pa annòd avèk Bondye. Si w pa santi w . . .

<sup>196</sup> Si yon moun nan erè, al kote l epi rekonsilye avè l. Si w paka rekonsilye avè l, pran yon moun avèk ou. Se pa etonan ke Bondye gen difikilte pou disipline Legliz Li paske nou pa fè sa kòrèkteman. Olye pou w pran telefòn lan pou ap pale sou sila a, sa k te rive, ak ti sèk elatriye, toupatou konsa. Olye pou w fè sa, poukisa w pa fè sa Bib la di? Si w kenbe yon frè nan move bagay, al kote l epi wè si w ka rekonsilye avè l. “Ebyen, bon, se li ki te fè m mal!” Mwen pa bezwen konnen kisa l te fè, al kote l kanmenm! Sa pa t di ke se li ki pou vin kote w. Ou dwe al kote l si l an tò. Ou di: “Ebyen, li te gen tò. Se li ki ta dwe vin kote m.” Se pa sa ke Bib la di. Bib la di pou w al kote l. Si l gen tò, al kote l.

197 E apre sa si l pa vle tande w, alò pran yon moun avè w, antan ke temwen.

198 E lè sa si l refize wè temwen sa, alò di: “Kounye a m ap mennen sa devan pastè w la.” Lè sa di l, di: “M pral mennen sa devan legliz, e ou gen trant jou apati de kounye a, si nou menm frè yo nou pa regle sa . . . Frè sa a isit la vle rekonsilye. Men ou pa vle fè l. E si ou pa regle sa nan trant jou, alò kisa k pral rive? Ou pa youn pami nou ankò.”

199 Bib la di: “Si l pa vle tande legliz, alò konsidere l tankou yon payen ak yon pibliken.” Ou wè, osi lontan ke yon frè sou pwoteksyon legliz sa, San Kris la ap pwoteje l. Se pou rezon sa nou pa arive fè legliz la avanse akoz fason l ap fonksyone. Bon, byen, *Sa se Doktrin Bat-* . . . legliz Batis, oswa Branham Tabènak isit la, si w fè li. Ou wè, poukisa sa pa ka . . .

200 Vin isit la, pa egzantp, de moun, annou di Leo avèk mwen. Èske w vle mwen . . . Epi mwen di: “Ebyen, li—li mal aji avè m.” Sa pa fè ankenn diferans. Mwen sipoze al kote l. Ebyen, li se yon manm legliz sa a. Li vin—li vin yon Kreyen. L ap pran kominyon isit la devan lotèl la avèk mwen. E nou te batize nan Non Seyè Jezi. Nou t ap mache dwat, antan ke frè, devan youn ak lòt, epi yon bagay te rive.

201 Se pa moun lan. Katreven dis pousan tan an se dyab la ki mete l nan mitan moun yo. Se pa moun yo. Se dyab la. E osi lontan nou kite dyab la ap fè sa, n ap fè frè nou mal. Se vre.

202 Ebyen, gen yon bagay ki mal ant Leo avè m; ann al regle sa. E si w wè gen yon bagay, se devwa w pou vin kote nou, pou di: “Nou toulède ti mesye vin isit epi ann rankontre. Nou pral korije bagay sa.” Bon, alò, si l vin la, epi li vin la pou wè de ki prevyen, alò, men nou. Mwen di: “Ebyen, tou dabò, si nou—nou pa ka dakò, alò vin legliz la konsa.”

203 E apre sa osi—osi lontan nou pa fè anyen pou sa, malgretou, San Jezikri pwoteje nou toulède. Ou wè? Men lè sa vye—vye kansè sa va kòmanse yon lòt kansè, epi kansè sa limenm va kòmanse yon lòt kansè, epi tout bagay la nèt va vin malad, tout kote, nan tout legliz la nèt. Apre sa ou rann ou nan yon pwen kote ou antre nan legliz la, epi sa jis tèlman frèt, ke w oblije pran jeran an pou vin kase glas yo, anvan ke kongregasyon an ka antre. Bon, nou konnen se vre. Byen frèt! Moun chita toutotou, ou konnen, e jis pa di anyen. “Ebyen, nou te konn abitye tèlman espiryèl.” Ebyen, kisa k te rive? Nou t ap kouri byen pwòp, kisa k te rive? Ou wè, peche nou te separe nou. E Bondye va rann nou responsab pou sa, frè. Kounye a m ap korije bagay sa.

204 Pa gen anyen ki mal avèk mwen, anyen ki mal avèk Leo; se dyab la ki drese l nan mitan nou. Se vre. Regle bagay la drèt la. Al kote l. Apre sa si l pa vle tande, oswa m pa vle tande, kèlkeswa direksyon sa pran an, lè sa prezante l bay legliz. Si l pa vin rekonsilye l ak legliz sa nan trant jou, alò li soti anba

pwoteksyon Jezi. Nou lage l. Se egzakteman vre. Apre sa obsève sa k ap rive. Alò kite Bondye mete disiplin lan. Wete men w. Ou te fè tout sa w te kapab. Kifè kite Bondye met men sou li pou yon ti tan; Li va livre l bay dyab la. Li va vini lè sa. Si l pa fè sa, vi li va jis yon ti peryòd tou kout.

<sup>205</sup> Nou sonje nan Bib la, kote te gen yon frè ki pa t vle mete l annòd avèk Bondye? Konbyen moun ki sonje ka sa? Li t ap viv ak bèlmè l, e yo pat ka fè l korije. Pòl di: “Livre l bay dyab la, pou destriksyon.” Nou jwenn, nan Dezyèm Epit Korentyen An, li te mete l annòd.

<sup>206</sup> Mwen gen yon frè, yon bon zanmi, mwen renmen site non l isit la, se yon frè predikatè. E frè predikatè sa a, non pa l se Frè Rasmussen. Anpil nan nou minis yo ki chita isit la, aswè a, non li nan jounal pa nou yo. Ki se youn entèdenominasyonèl ki sot nan Chicago. E gade. Li te gen yon ti gason, yon minis, e li te pati al marye ak yon jenn fi Katolik, e li te kòmanse ap devye konsa. E yo ta pral fè *sesi, sela*, ak se *lòtbò*, ak—ak tout rès la; pou te tonbe nan kèk pwoblèm. Epi papa l t al wè l, pou di: “Bon, gade, pitit gason m, èske w pral rekonsilye?”

Li di: “Papa . . .”

Li te rele legliz yo a yon bann egzalte, ak papa l. Li di: “Kounye a, gade, èske w pral met bagay sa annòd avèk legliz sa?”

<sup>207</sup> Li di: “Bon, papa, ou se papa m, e m pa vle nan ankenn pwoblèm avèk ou.” Dakò.

<sup>208</sup> Li te ale epi li te pran youn nan dyak yo pou te desann al lakay li. Li te di—te di: “Wesley, m vle pale avè w.” Li di: “Èske w pral mete bagay sa annòd avèk legliz la?” E li te ba l yon ti repons kout de mo konsa. Li di: “Wesley, sonje, m se pastè legliz sa. Mwen se papa w, men m ap fè sa Bondye di pou fè. Mwen ba w trant jou pou met sa annòd ak legliz sa, osinon n ap ekskominye w soti nan Prezans Bondye. Ou se pwòp pitit mwen; sa a se Sovè mwen.” Li di: “Mwen renmen w. E ou konnen mwen renmen w, Wesley. M prè pou m mouri kounye a pou ou. Men ou dwe vin dwat ak Pawòl Bondye a. Ou wè?” Li di: “Mwen se pastè a. Mwen se bèje twoupo sa. Si w se pitit mwen, oswa kèlkeswa moun ou ye a, ou dwe aliye w ak Pawòl Bondye a. Si w pa fè sa, alò mwen pa diy pou m se bèje pou Li.”

<sup>209</sup> Gason, sa se yon pastè. Sa se yon nonm. Èske w pa kwè sa? Sa se yon nonm. Li te di pitit gason l lan sa. “E sa te fè l lapenn,” li te di. Men li di: “Kisa? Se kimoun ou pral fè lapenn, nonm lan, oswa Sovè w la? Kidonk,” li di, “apre sa nou te avanse.” Epi li di: “Li pa t ap fè sa. E nou . . . Mwen te di legliz la.”

<sup>210</sup> Li di: “Pwòp pitit gason m, Wesley, li refize tande m, nan sitiyasyon sa. Li refize tande dyak la. E ou se yon temwen de sa, Frè *Entèl entèl*?”

“Wi, m se sa.”

“Dakò. A uitè, dimanch pwochen, kat semèn apati de kounye a, si li pa mete sa annòd ak legliz sa, nou livre Wesley, pitit gason mwen an, bay dyab la pou destriksyon chè a. San Li, San an . . . Jezikri a, e legliz sa, pa pwoteje l ankò.”

<sup>211</sup> E Jou swa sa rive. Li te kanpe sou chè a, pou di: “Li gen ankò de minit.” Tan an te rive. Li di: “Kounye a, antan ke pitit gason m, Wesley Rasmussen . . . nou te di kongregasyon sa, nou te di W, Bondye Toupuisan: Nou fè tout sa nou ka fè, dapre Pawòl Ou e dapre enstriksyon Pitit Ou—Ou a epi Sovè nou an, kite pou nou. Kounye a nou, mwen livre pitit gason m lan, legliz sa avèk mwen, bay pou des- . . . dyab la, pou destriksyon chè li, pou nanm li ka sove.” Se tout sa k te di. Anyen pa t mache, pandan yon semèn, ou de, petèt yon mwa ou de.

<sup>212</sup> Yon jou swa, vye Wesley tonbe malad. E lè l te tonbe malad, li kontinye ap vin pi mal. Li te rele doktè a. Doktè a te vini pou egzamine l. Li te gen yon lafyèv cho sansenk degre. Li pa t ka jwenn ankenn rezon pou sa. Li te jis ap vin pi mal. Doktè a di: “O la la, m pa konn kisa k te rive w.” Li pat konn kisa pou l te fè. Li di: “N ap rele yon espesyalis.” Yo te rele yon espesyalis, e espesyalis la te vin la. Yo te mennen l lopital, yo te egzamine l, ak tout lòt bagay. Epi li di: “M jis pa ka di w anyen. Ti gason an jis—jis sanble yon kadav.” Madanm li te kanpe la, ap kriye, tout bagay konsa. E timoun yo te kanpe bò kabann lan ak tout kote konsa. Li di: “Li prale. Se tou.” Li di: “Pou l ak respirasyon l, jis ap bese tout tan.”

<sup>213</sup> Li di: “Rele papa.” O, wi. Se fason pou w fè l. Se tou. “Rele papa.” Epi papa l te kouri al lopital la, byen vit, pou wè l. Li di: “Papa, m pa kapab kounye a, men Bondye tandè pawòl mwen. M ap mete tout bagay annòd. M ap mete sa annòd. Wi, m ap fè sa.” Wi, mesye, frè. Drèt la respirasyon l te kòmanse retounen nòmal.

<sup>214</sup> E dimanch apre a, li te kanpe devan legliz. Li di: “Mwen te peche devan Bondye, nan prezans legliz sa. Mwen te refize tandè konsèy pastè a. Mwen—mwen te refize tandè dyak la isit la.” Epi li di: “M ap mande legliz sa pou padonnen m pou mal sa mwen te fè konsa.” Li di: “Bondye epaye vi m.” M pa kache di w, li te mete l an règ. Wi. Se sa ou dwe fè, ou wè. Ou wè? Ou menm, si w jis fè sa fason Bondye a! Ou wè?

<sup>215</sup> Bon, ou wè, fason nou fè l, nou gen yon reyinyon konsèy la, epi nou di: “Ebyen, kounye a, èske nou ta dwe kenbe . . .” Mwen pa di tabènak la, men m vle di nou menm moun Pwotestan yo. Nou gen yon reyinyon konsèy la, epi: “Kisa nou panse de Jones? Kisa nou panse nou ta dwe fè avè l? Mwen kwè li t ap fè yon pi bon manm pou Metodis yo ke pou nou.” Men ni. Sa, se fo. Se rezon sa kifè nou pa oblije suiv tradisyon pa yo. E kèk evèk, nou dwe rele l (toujou kèk . . . sa l ye a, jan w rele l la? responsab rejyonal nan legliz Pannkotis sa a? “siveyan rejyonal”)—rele l pou jije kondwit nonm sa a.

216 Bib la di nou kisa pou n fè. Se pou rezon sa nou pa nan plezantri ak denominasyon yo a. Nou ret lib de bagay sa. Amèn. Piga nou fache kont mwen, èske nou fache? Piga w fè sa. Dakò. Mwen pral gen pwobableman bon kesyon solid demen swa. Men, ebyen, se kòrèk. Ou wè? Sonje. Konnen. . .

217 M di sa kounye a. Nou menm moun yo isit la ki soti nan diferan legliz denominasyonèl, denominasyon w lan, epi, frè, m pa di ke ou pa yon Kreyen. M pa di ke denominasyon w lan pa gen plizyè milye Kreyen de byen ladann. M ap eseye di rezon kifè nou pa yon denominasyon. Paske, mwen jis pa t ap pran pozisyon pou sa. Non, mesye. Mwen pa t ap fè sa sèten. Y ap eseye di w sa pou w fè. Si Bondye te rele m pou preche Levanjil, alò m preche L fason Bondye di m pou m fè l la. Se jis egzak, jan l ekri isit la nan Bib sa a. Piga w aliye w ak Sa a, alò se sa ki. . . Bondye va jije m pou sa. Men si m—si m—si m wè lou a ap vini, oswa lènmi an, e mwen fayi pou avèti yo, alò Bondye pral mande m kont. Men si m avèti w, alò lè sa se pwoblèm pa w. Ou wè?

218 Sonje: “La nan dènye jou yo, gen tan gwo danje ki va vini, lèzòm va renmen pwòp tèt yo, vante tèt yo, gen lògèy, blasfematè.” Ou wè, blasfematè: “O, bann enbesil sa yo. Jou mirak yo pase. Bagay konsa pa egziste.” Li se yon vye fo pwofèt. “Kounye a, nou konnen ke medam nou yo gen jis otan de sans ke mesye nou yo.” Mwen pa diskite sa yon tikras, men Bib Bondye a di kenbe manzè lwen chè a. Sa—sa sifi pou mwen, ou wè. Se vre. Dakò. Ou wè?

Epi yo di: “Ebyen, bon, nan denominasyon nou yo, nou jis gen moun osi de byen ke nou genyen la nan tabènak la.” Se pa sa m di ditou, men Bib la kondane denominasyon yo. Se vre. È, kidonk, m pa di nou pa gen manm de byen nan legliz nou. Se mèveye. Yo se moun de byen. Kèk nan moun ki pi de byen, m rankontre yo nan mitan yo tout nèt, Katolik ak yo tout. Nan mitan yo tout nèt, m rankontre manm de byen.

219 Bon, fason nou pral mennen sa a kounye a, zanmi, si Seyè a vle, nan pwochen etid k ap vini yo, petèt. . . m va fè nou konnen demen maten si wi ou non nou dwe gen sèvis demen apre midi, ou wè, pou prezante l. Rezon kifè n ap eseye fè sa, se paske m vle mennen l nan yon pwen la. Bon, si w vle mennen yon moun avèk ou, ou byenvini pafètman pou fè sa. Men sonje kounye a, piga—piga w al fè wout ou pou jis ap eseye jwenn erè. Nou menm ki vin isit la. . . M jis ap pale ak kongregasyon pa m—pa m, ou wè. Mwen pa anseye sa a andeyò kongregasyon m isit la, paske sa se zafè lòt moun lan. Pou sa, li se bèje twoupo sa. E—e mwen se jis. . . [Espas vid sou bann lan—Editè a.]

220 Retounen drèt nan Jenèz, ou va jwenn li drèt la, pou wè ki kote li ye. Kounye a n ap retounen nan Jenèz, pou jwenn poukisa timoun ilejitim sa pa t ap antre nan kongregasyon Seyè a pandan katòz jenerasyon. Jan sa te pran. . . Sa t ap pran katsan lane pou



ke peche sa te efase. Jan nou pral jwenn kijan ke inikite paran yo te konn vizite pitit yo ak pitit pitit yo, kijan sa te kòmanse nan Jenèz, elatriye.

<sup>221</sup> Epi ou . . . alò ou va wè kijan ke, lè w retounen dèyè nèt, jan Bondye, anvan fondasyon mond lan, anvan yon atòm te menm eklate, laba anvan te menm gen yon limyè meteyorit ki te vin a legzistans, Bondye te konn chak kreyati ak tout bagay ki t ap janm vin sou tè a. Èske gen yon moun isit la . . . Ou pa ka eksplike mo sa, pou dekonpoze l, epi di kisa mo “enfini” vle di. Jis regle kamera w sou—sou enfini. Jis, se jis apati de la jiskaske, se tou. Ou wè? Enfini! E nou p ap kapab, ak yon panse limite, janm sezi kisa Panse enfini ka konsevwa. Ou wè, nou pa ka fè sa. Ou menm, ou pa ka fè sa. Ou wè? Men si w jis obsève, rete an Espri, ou ka santi l byen lwen laba. Epi—epi tounen la nan Lekriti pou w wè l kounye a, ou wè, byen lontan anvan fondasyon mond lan te menm poze.

<sup>222</sup> Bon, Bib la di Jezikri te Ayo Bondye a. Kounye a koute vrèman byen, konsa, si kèk nan nou p ap la demen, pou tandè fen an. Bib la di ke Jezikri se te Ayo Bondye a, ki te sakrifye depi fondasyon mond lan. Èske se vre? Kilè yo te sakrifye L? Depi lè fondasyon an. Sa se mond lan, si l te fèt avèk yon pakèt atòm ki te brize, detache soti nan solèy la laba, anvan l te vin sa. Alò, anvan te gen yon atòm ki te janm brize premye fwa nan solèy la, si se te yon meteyorit ki te chape kite solèy la, sa ki t ap fè yon santèn de milya de bilyon de bilyon ak bilyon lane an aryè anvan te menm gen yon limyè meteyorit, Kris te imole. Kan gran panse Bondye te tabli sou yon sèl bagay, se yon pwodui fini. Kan Bondye te di: “Se pou genyen,” se te deja fini. Si sa te pran yon santèn milya lane anvan l te akonpli, se te deja fini jis osito Li te di sa. “E kan Ayo a te imole depi fondasyon mond lan,” menm Bib la, menm Espri a te ekri pou di: “Non nou te plase nan Liv Lavi Ayo anvan fondasyon mond lan.”

<sup>223</sup> Kidonk nonm lan ki te ekri kantik lan: “Gen yon Nouvo Non Ki Ekri Nan Laglwa,” ou te gen bèl eksplikasyon, men sa pa t selon ekriti a. Ou wè? Non sa te ekri nan Laglwa kan mond lan . . . anvan mond lan te menm kòmanse. Kan Ayo a te imole, non nou te plase nan Liv Lavi Ayo a.

<sup>224</sup> Pèmèt—pèmèt mwen jis ba w yon ti Ekriti. Èske w ka kenbe jis pou yon minit? Sa fenk vini nan panse m kounye a. M panse m ka al sou li drèt la. Mwen pa sèten. Bon mwen ekskize m poutèt mwen kenbe w tout tan sa, men m te di w ke se t ap minwi; li poko fin sa nèt. Men mwen—mwen jis ta renmen pou—pou pran sa, jis yon Ekriti pou sa.

Vin avèk mwen kounye a nan Liv Women, e mwen vle w li sa avèk mwen. Bon, ann gade, Women, si m ka jwenn li, jis apeprè drèt la. Kounye a ann pran Women 8, e—e ann kòmanse ak vèsè 28

chapit 8 Women an. E mwen vle pou w jis li sa nan lapriyè avèk mwen kounye a. Koute la jis sa Bondye di kounye a.

*E nou konnen ke tout bagay met ansanm pou byen sa yo ki renmen Bondye, pou sa yo ke . . . yo te rele dapre sa L vize.*

*Paske sa li te konnen davans yo, . . .*

225 Sa ba ou . . . Èske w ka li avè m? “Paske li . . .”

*Paske sa li te konnen davans yo, li te predestine yo (dakò) pou yo konfòme yo a imaj Pitit li a, pou l te ka premye ne pami plizyè frè.*

*Anplis sa li te predestine yo, li te rele yo tou: e sa li te rele yo li te jistifye yo tou: e sa li te jistifye yo, li te glorifye yo tou.*

226 Depi fondasyon mond lan! Lè Bondye te gad anba . . . Bon, Bondye pa mennen biznis Li yon fason, pou ap di: “Ebyen, kounye a, Mwen pral . . . O, sa nou pral fè la?” Ou wè? Pa gen anyen . . .

227 Sonje, sa k pa kòrèk, se peche, se jistis pèvèti. Dyab la pa ka kreye. Èske tout moun, nou tout, konprann sa? Sa se yon Doktrin legliz sa a. Dyab la pa ka kreye. Li ka pèvèti sa Bondye kreye. Bon, kisa pèvèsyon ye? Men ni, nou tout sanble granmoun, pou laplipa. Tande sa a. Nou se moun marye. Nou menm mesye ak medam marye yo nou ka viv ansanm antan ke mesye ak madanm, e fanm sa yo yo se jis menm lan ke yo te toujou ye. . . Yo vyèj, osi lontan ke w rete ak mari w. Se kòrèk. Kounye a, se legal e lejitim e se kòrèk. Se Bondye ki te òdone pou fè konsa. Yon lòt fanm ka poze menm ak ke madanm ou; youn nan yo, ou jis devan je Bondye; e menm ak la avèk yon lòt fanm, ou kondane devan Bondye, amò. Kisa sa ye? Jistis pèvèti, ou wè, jistis pèvèti. Bon, dyab la pa ka kreye, men li pèvèti sa Bondye deja kreye.

228 Kisa yon manti ye? Se laverite pèvèti. Yon moun te di: “O, gade, se te samdi swa, a nevè, wi, Bill Branham te Jeffersonville,” sa kòrèk. “Anba nan ba Antz lan, li te sou,” yon manti. Kisa sa te ye? Mwen te Jeffersonville. Sa se vre. Se te jistis pèvèti an manti. Ou wè sa m vle di a? Ou wè, yon manti ki pèvèti sa k jis. Se yon bagay ki te di kote m te ye. Kounye a, si sa te di: “Nan legliz la, ap preche,” sa kòrèk. Sa se jistis. Li te di laverite. “Nan tavèn lan, ap bwè,” yon manti. Pèvèti; ou wè, verite pèvèti. Ou wè sa m vle di a? Tout sa k pa jis se jistis pèvèti.

229 Lanmò, kisa sa ye? Lavi, pèvèti. Maladi? Se sante, pèvèti. Ou sipoze yon nonm solid, fò. Dakò. Si w on jan malad, kisa sa ye? Sante w ki pèvèti. Ou wè? Se tout sa ki genyen ak sa. Kisa sa ye? Ou te abitye jèn, bèl fanm; epi byen solid, bèl gason. Kounye a ou ride, w ap vyeyi. Kisa sa ye? Lavi, pèvèti, ou wè, l ap retounen ankò. Ou wè? E sa dwe retounen. Ke Non Seyè a beni! Bondye te pwomèt pou mennen l tounnen. E jis osi sèten ke sa—ke sa ye

(nou konnen sa isit la), jis osi sèten ke sa ye, Bondye pral mennen l tounen. Li te pwomèt e L te jire ke Li t ap fè l. Se sa ki bay li.

<sup>230</sup> Bon, kounye a, kijan de moun nou ta dwe ye? Kounye a remake kouman bagay sa yo rive. Kounye a, sa L te konnen davans yo, Li te rele yo; sa L te rele yo, Li te jsistifye yo. Kilè? Anvan fondasyon mond lan, anvan mond lan te menm kòmpanse. Bon, si nou te ka pran Ekriti pou byen jistifye sa, nou t ap pran anpil èdtan sou sa, men nou—nou pa vle fè sa. Men tout enjistis sa la, se jistis pèvèti an enjistis. Se sa ke dyab la fè.

Kounye a, kan w atenn laj pou rezone, e ou konn sa k byen ak mal, ou sipoze detounen w de mechanste w. Paske, ou ne nan peche, fòme nan inikite, vin nan mond lan ap bay manti. La ou te—ou te fèt an reyaltite apati de yon dezi seksyèl, e alò ou dwe ne de nouvo, pou w ka resevwa yon nouvèl Nesans, pou antre nan Syèl. Paske, jan de nesans ou gen isit la . . .

<sup>231</sup> Gade kote Temwen Jewova yo te tèlman elwaye nan erè la, pou ap panse ke nouvèl Nesans lan se rezirèksyon kò a? Ou wè, li pa ka sa. Ou wè? Sa dwe yon bagy . . .

<sup>232</sup> Ou menm, ou nan yon espas tan. E sèl bagay ki Etènèl se yon bagay ki pa t gen ni kòmansman ni fen. Yon bagay ki Etènèl pa t janm te gen yon kòmansman, oswa li p ap janm gen yon fen. Ou wè? Kidonk si w se yon pati Bondye, Lespri ki nan ou a pa t janm te gen yon kòmansman oswa li p ap janm gen yon fen, e ou Etènèl avèk Lespri ki nan ou a. Ou wè? Tankou lanmou *Agapao* a—a—a, apre sa li te desann nan lanmou *fileo*, e apre sa li diminye pou vin lanmou ak konvwatiz. Li jis kontinye ap diminye epi ap diminye, ap pèvèti pandan l ap diminye jiskaske sa abouti jis a yon gwo pakèt dezòd. Ebyen, sèl fason an, Jezi te desann sou menm nechèl sa, anba la pou ramase epi reprann fòm ki pi elve a ankò, apati de fòm ki pi ba a; de lanmò a Lavi, de maladi a la sante, de enjistis a jistis. Ou wè? Li te pase de sa ki pi Wo a sa ki pi ba, pou L te ka fè sa k pi ba a vin pi Wo. Li te vin mwen menm pou m te ka vin Li menm, atravè gras Li, yon eritye Twòn Laglwa. Ou wè sa m vle di a? Bagay sa yo.

Kounye a gade. Byen lwen anvan mond sa te kòmpanse sou fòm atòm sa yo, lè Bondye te wè sa k ta pral rive, drèt la Li te wè w, Li te wè m, Li te wè chak pis, chak mouch, chak krapo, chak moustik. Tout bagay ki t ap janm vin sou tè a, Li te wè l drèt lè sa. Se sèten, Li te wè l.

<sup>233</sup> Bon, Li pa t janm di: “M ap voye Pitit Mwen an anba pou kite L mouri, e petèt yon moun va gen pitye pou Li. E sa va yon ka ki fè tèlman pitye, petèt, petèt yon moun ka sove.”

<sup>234</sup> Li te konnen davans kimoun ki t ap sove! Wi, mesye. Li di: “Mwen rayi Ezawou, e Mwen renmen Jakòb,” anvan youn oswa lòt la te janm gen yon chans pou pwouve sa yo te ye, paske Li te konnen kisa yo te ye. Li te konnen. Li konnen tout bagay. Li te konnen sa w t ap fè, anvan w te fèt, oswa lè mond lan te kòmpanse.

235 Kounye a gade. Jan nou konnen an, Mwen—mwen—mwen se yon fiziyè. Mwen—mwen renmen fizi. E yon dam nan Texas, mwen kwè se Texas, te pote yon modèl Swift pou mwen, yon modèl Swift desan ven. Mwen te toujou vle gen youn. M vle eksperimente l. Se ti zam ki pi pwisan pou tire. Li pran bal kalib vennde, ak yon bal ki gen karant uit grenn. E ou ka ranpli l ak men w. Bon, manifakti a di: “Piga w fè l; sa gen twòp danje.” Men ou ka ranpli bal sa ak men w pou l atenn yon vitès de senk mil pye nan yon segond, epi kenbe l an plas kanmenm. Senk mil pye pa segond, sa se yon mil nan yon segond. Nan lòt mo, yon fokon ki ka twouve l, a desan vèj. Ou tire fokon an, ou wè plim li yo vole anvan zam lan frape w. Ou wè? Se sa, men ou ka pran, pati pla ki nan yon kidan, epi antre l nan poud ou a, epi vide kantite *sa* ladann, jis ase poud ke ou ka mete sou yon kidan; epi tire sou yon mamòt ki twouve l nan bout bilding isit la, li jis chita ap gade w. Kisa k pwoblèm lan? Bal la dezentegre, li pati tèlman vit, E ou ka mete yon dra ant isit la ak laba, e ou p ap janm menm wè yon tikras debri tonbe sou dra a. Li jis tounen nan premye eta l; pa an—an sann, sann vòlkanik, men l al pi lwen ke sa. Li retounen nan asid orijinal ki fè kwiv ak plon ki ladann lan. Li retounen tankou sa te ye san milya lane pase. Bon, men yon ti bal, yon bal ak karant uit grenn ke m kenbe nan men m, e nan pwochenn segond lan li retounen sa l te ye san milyon lane pase. E si mond lan te ka pwobableman kenbe pou yon lòt san milyon lane, li t ap tounen yon bal ankò, li te ka retounen drèt nan fòm sa ankò, paske li t ap transfòmè drèt an kwiv.

236 Kounye a gade kisa Bondye te fè, e lè sa w ap renmen L. Apre sa w al lakay ou, epi nan maten ou dòmi on tikras pita. E—e ou—ou w ap renmen L plis que tout tan. Bon, Bondye se yon Kontraktè. Konbyen moun ki konn sa? Li se yon Konstriktè. Dakò. Koute vrèman avèk atansyon. Bon, Bondye byen lwen laba, oswa, yo di. . . Kounye a nou pral pran ide pa moun kronolojis yo. Bondye, yon santèn milya lane pase, kan L ta pral fè mond lan, ebyen, Li jis te kòmanse. Bon, Li te gen. . . Li te gen yon lide nan panse L.

237 Bon ou pral di: “Si L gran konsa, Frè Branham, kouman L te janm ka pèmèt dyab la komèt peche?” Ebyen, Li te konnen, anvan dyab la te janm kreye, ke li t ap vin dyab la. Glwa! La mwen santi m relijye. O, la la! Li te konnen, anvan dyab la te kreye, ke li t ap vin dyab la. Kounye a ou mande: “Kòman sa?” Ou di: “Poukisa Li te kite l tounen dyab la?” Pou L te ka pwouve ke Li se Bondye. Se poutèt sa Li te fè l. “Poukisa te janm gen enjistis? Poukisa?”

238 Kisa k te la anvan, yon Sovè oswa yon pechè? Kilès ki te la anvan? Yon Sovè. Kisa k te la anvan, yon Gerisè oswa yon moun malad? Poukisa yo te pèmèt gen yon pechè? Paske atribi pa L se pou L yon Sovè. Si pa t janm te gen yon pechè, yo pa t ap janm konnen L antan ke yon Sovè. Alelouya! Li ka aranje tout

bagay pou vire tounen pou glwa Li. “Èske potye a ka di . . . Oswa, èske krich la ka di potye a: ‘Ou fè m konsa?’” Kimoun ki sou tou potye a? Kimoun ki gen ajil la? Nan men kimoun li ye? Pòl di: “O, moun fou, èske Li pa t di ke Li te sisite Farawon pou bi sa menm?” Sètènman. Li te konnen sa. Anvan te gen yon mond, Li te konnen kisa chak moun t ap ye. E Li te pèmèt gen peche, pou L te ka yon Sovè. Li te pèmèt gen maladi, pou L te ka yon Gerisè. Li te pèmèt gen rayiman, pou L te ka Lanmou. Sèten, Li te fè l. Li se Bondye, e sa se atribi L yo. E Li te dwe gen yon bagay pou manifeste atribi L yo.

<sup>239</sup> Kijan w t ap janm konnen gen yon nwit, kijan w t ap janm konnen gen kwakeswa? Si se lajounen nèt ki te genyen, kijan w t ap janm konnen gen lannwit? Gen yon nwit, konsa sa ka pwouve lè l fè jou. Sèten, sa egziste. Amèn. Ou wè kisa L te fè?

<sup>240</sup> Men lè Li te dèyè a laba, anvan fondasyon mond lan, anvan L te pran vye solèy sa epi Li te fè l ap vire alantou vye planèt sa ke n ap viv sou li kounye a, tè sa, e Li te fòme l bò isit la toupre solèy la, epi tabli l alantou solèy la. Annou di *men* solèy la. Li te fòme l sou bò *sa*, epi kite l pandye la pou yon santèn milya lane. Kisa L t ap fabrike? Gaz yo. Li te fè letou sou bò kote *sa*, Li te fè yon lòt bagay. Kisa Li t ap fabrike la? Potasyòm. Li te fè letou fason *sa*, e kisa L t ap fè la? Li t ap fabrike kalsyòm. Kisa L t ap fè? Li t ap fè ou menm avè m. Kisa L t ap fè? Tankou kontraktè a lè l ap poze tout bwa de pa kat ak de pa uit li yo, pano li yo, kouvèti eksteryè li yo, li te jis konnen ki kantite bilding li ta pral konstwi. E nou fòme ak sèz eleman ki sot nan tè a, e Li t ap fè nou tout, epi t ap devwale nou la anvan mond lan te janm egziste. E Li . . . Ka te gen yon fòm long nan epòk sa; mwen pa konnen kisa l te ye. Poukisa Li t ap fè lò, ak kwiv, ak eren, ak dlo, ak tout bagay sa yo? Li se yon Kontraktè. Petèt Li se . . . Konstriktè a, Li t ap blayi tout bagay la, Li te koupe tout bagay epi ba li fòm. Kan L te fin pare tout bagay, se te jis yon gwo tonton vòlkan ki eklate. Li pèmèt vye matyè vòlkanik yo echape la pandan san milyon lane, pou te fabrike kalsyòm lan. Kisa sa ye? Se yon pati nan nou.

<sup>241</sup> E alò, anvan te gen yon ti pousyè lavi sou tè a, kò nou te blayi isit la. Alélouya! Anvan yon gout imidite te janm vin sou tè a, nou te blayi isit la. Kan Adan t ap monte desann nan jaden Edenn lan, mwen te blayi isit la. Amèn. Wi, mesye. O, glwa! Kan Cheriben yo, zetwal maten yo t ap chante ansanm, epi pitit Bondye yo t ap pouse kri rejwisans, Mwen te blayi isit la jis ap tann pou souf lavi a vini. Mwen te la. Li te fè m isit la, te gen kòm blayi isit la. Wi, mesye. Si se pa t sa, ki kote sa te soti? En? Kouman l te fè rive isit la? Bondye te genyen l blayi isit la. Bondye te fè sa. Nou fòme ak sèz eleman: petwòl, potasyòm, ak limyè kosmik, ak kisa ankò. Ou wè, nou te blayi isit la.

<sup>242</sup> Alò kisa k te rive? Apre sa Bondye di Sentespri a, n ap jis pran l sou fòm senbòl, “Kounye a ale an avan, epi al fè lanmou ak mond

sa. Paske, Mwen se lanmou, e Ou se yon pwodwi de Mwen, kidonk Al fè lanmou ak mond lan.” E gran Sentespri a, nou panse, Li te soti la; jis sou fòm tablo kounye a. Se pa t fason sa. Natirèlman, Sentespri a ak Bondye se menm objektif la, menm menm objektif, menm Moun lan. Ekskize m. E ann jis di Li vlope tè a ak zèl Li, Li kòmanse ap kouve l. Se kisa kouve sa ye? Jan poul la fè ak ti pousen l yo, l ap gazouye, l ap eksprime lanmou: “Kòt, kòt, kòt.” O!

<sup>243</sup> “O lavi, manifeste w!” Li te kriye. Li te gade toutotou. “Mwen vle ke sa bèl sou tè sa. Manifeste w, limyè!” Sentespri a ap bouje. E kan L te fè sa, m te gade; kisa k t ap vini, ti kouran dlo ki t ap desann sou kolin lan byen lwen, byen lwen men kalsyòm ki t ap koule desann, melanje ak potasyòm. Kisa k t ap sot ladann? “Lavi, manifeste w!” Epi yon ti flè Pak te leve tèt li soti anba yon wòch. “Vin la, Papa, gade sa.”

<sup>244</sup> “Sa sanble li bon. Jis kontinye ap kouve.” Li te kouve flè yo. Li te fè tout vejetasyon an soti. Li te fè vi animal la parèt. Zwazo yo te vole sot nan pousyè a. Apre yon ti tan, yon nonm ak yon fanm vin parèt; yon nonm vin parèt, e nonm sa te alafwa gason ak fanm. Pa yon èmafwodit, kounye a. Jis, sa ki te nan li, te gen yon espri feminen.

<sup>245</sup> Lè w pran yon nonm ki tèlman efemine, li ka kòrèk, gen tout ekilib li, men gen yon bagay ki fo. Lè w pran yon fanm, ki vle koupe cheve l epi pote yon salòpèt, pou soti deyò a la, e, “Benediksyon pou Bondye, mwen ka di w!” Gen yon bagay ki fo. Yon fanm gen espri feminen an, e yon nonm gen maskilen an. Nou konn sa. E ou konn sa. Èske yon fanm byen parèt, pou ap eseye, pou ap aji tankou yon gason?

<sup>246</sup> Ebyen, m te chita yon fwa, m te gad chas isit la, e m te chita nan otobis la e m ta prale laba a epi m t ap tape fanm sa sou janm li, ak men m, antan m t ap pale avè l, m pa t konnen ke se te yon fanm. Li te gen sou tèt li youn nan kaskèt soudè sa yo, ak yon gwo pè linèt travay tankou *sa a*, e mwen te chita drèt deyò a la, e li t ap pale de yon bagay kèlkonk konsènan yon bagay ki te fèt. Li di: “Ou konnen,” epi li di, “e yèswa,” jis osi grosye ke li te kapab, li t ap fimen yon sigarèt. Li di: “Yèswa, kite m di w, ke kanmarad sa te glise, anwo sou tèt bagay sa. Li di: ‘O la la!’ Li te vin ap glise desann la.” Li di: “M pa t janm ri tèlman konsa nan vi m.”

<sup>247</sup> E mwen t ap ri, ou konnen, *konsa*. Mwen di: “Gason, se te tout ou koze, èske se pat vre?” Nou te chita la ap pale konsa. E si manzè pa t retire bagay sa sou tèt li epi sekwe tèt li, e li te gen yon touf cheve gaye pa anwo, ki te montre li se yon fanm. Mwen pa t janm santi m piti konsa nan vi m. Mwen—mwen di: “Èske w se yon fanm?”

Li di: “Men, sèten!”

248 Mwen di: “Ekskize m.” Mwen pa t janm apèsi sa. Bon, sa, se laverite.

249 Mwen te wè yon siy lòt jou, ki te fè m tresayi. Se te yon gwo siy, ki te di: “Medam yo pare pou mete rad.” Mwen te panse: “Lwanj pou Bondye poutèt sa.” Ou wè? Men, m te fini pa wè ke, se te jis yon jan de rad yo te genyen ki te deja fèt, ou konnen. Mwen—mwen te panse ke yo ta pral reyèlman mete rad sou yo. M vrèman te kwè sa. Sa di: “Medam yo pare pou mete rad.” Mwen di, “Louwanj pou Bondye pou yo. Sa a bon. Sa, se sèten mwen di Seyè a mèsì pou sa.” Men, ou wè, se te jis yon jan de rad ke yo te deja fè, yon bagay konsa. Sa dwe te yon bagay komik, èske se pa t sa, nan peyi sa a? Dakò.

250 Alò lè Adan te vini. Epi lè sa Adan te sanble li soufri solitud, kidonk Li te pran yon zo bò kòt li pou fè Èv, yon soupwodui pou li. Li te fè. . . Li te retire espri feminen an nan Adan, pou mete l nan fanm lan, espri lanmou an, feminen an, ki dou, janti. Epi Li te kite espri maskilen an nan Adan. Kounye a, si gen yon bagay ki diferan, gen yon pèvèsyon yon kote. Bon, e alò yo de a te fè youn.

251 Kidonk annou jis prezante yon ti dram la anvan nou fini. Men ni k ap vini. . . Men ni, se Adan ki pran men Èv epi yo mache soti. Mwen jis renmen istwa sa a. Epi yo te mache soti, ou konnen. E Èv te di: “O, cheri, ou vle di ou vrèman fè sa?”

“Wi, mwen te bay sa non.”

“Men sa ki non ou bay sa?”

“Sa rele cheval. En-en.”

“Kisa sa ye?”

“Sa se yon bèf. En-en.”

“Ou te bay sa non?”

“Wi. En-en.”

252 “Ki non ou bay sa la a, de sa yo ki chita la ak tèt yo ansanm lan?”

“Sa se toutrèl.”

253 “O, mwen wè. Mwen wè.” Epi yo t ap kontinye konsa. “E kisa sa a ye bò isit la?”

“Mwen rele sa, *tèl jan*, e sa isit la tou.”

254 E, “O, mwen wè. En-en. Sa bèl.” Epi yon lyon te gwonde. “Ki non ou bay sa?”

“Sa se lyon.”

“Kisa sa a ye?”

“Tig la.”

255 E, o, tankou. . . “O, mwen wè.” Jis tankou ti chat, ou konnen, ki ap fè myaw nan viwonn lan.

256 Kidonk, apre yon ti tan, li gade toutotou. Li di: “Cheri, gade la, solèy la ap kouche. Se tan pou al legliz.”

Ou konnen, gen yon bagay konsènan lè solèy ap kouche, ou vle adore. Si w pa al legliz jou swa sa, ou renmen al nan yon chanm, pou li Bib la. Konbyen moun ki renmen fè sa, mete w apa? Ou wè? Sa jis nan lòm pou fè sa. Ou dwe fè sa.

“Se tan pou al legliz.”

257 Bon, yo pa t janm di: “Bon, tann on minit kounye a, la, Jones fè pati de Asanble yo, e nou fè pati de . . .” Non, lè sa pa t gen ankenn jan de bagay konsa, kifè yo jis te ale. Yo pa t gen yon legliz, yon bon chèz pou chita konsa sou li. Yo te jis ale anba gwo tonton katedral nan bwa a, epi yo te mete yo ajenou.

258 Epi Halo sa te pandye byen lwen nan bwa raje a. Ou wè? M ka tandè yon Vwa ap pale pou di: “Èske timoun Mwen yo te rejwi yo sou tè a, jodi a, ke Seyè Bondye w la te ba ou?”

259 “Wi, Seyè, nou te rejwi nou jodi a.” “Se pa vre, cheri?”

260 “Wi. Wi, cheri, nou te rejwi nou.” “Seyè, nou apresye W sèten. Kounye a m ap lonje kòm pou dòmi.” Ou wè? E li te layite gwo ponyèt li yo, e li te lonje kò l, sou ponyèt li, e li te fè tig ak lyon an kouche, epi tout bagay te lonje kouche; tèlman an pè.

261 Kifè Bondye desann e Li mennen, o, yon bann Zanj, Gabriyèl, kreyasyon Selès Li a. Konsa yo desann epi yo antre sou pwent zòtèy nan chanm lan, ou wè, yo gade toutotou. Gabriyèl di: “Vin isit la, Papa. Vin isit la. Gade la. Men li. Isit la, men timoun Ou yo ki lonje la.”

262 Konbyen moun isit la te janm ale sou kote kabann lan, kèk nan nou manman yo, ou menm ak papa ansanm, pou ap gade ti gason an, tifi a, epi jis ap raple youn lòt, “Èske—èske l pa sanble avè w, jan *sa a* ak jan *sa*?” Èske nou te janm fè sa? Ebyen, anpil fwa m al di Meda, apwopo de Joseph. Li di: “Bill, li gen yon fontèn tèt wo tankou w.”

263 “Wi. Men, Meda, li gen gwo je tankou w.” Poukisa? Li se yon pati de pwod- . . . Li se yon pwodui inyon nou—nou.

264 Bon, e Papa di, ka di sa konsènan sa a. Li di: “Ou konnen . . .” E Gabriyèl di: “Ou konnen, li jis sanble avè W.” Se a sa Bondye sanble; gade tèt ou. Se a sa Bondye sanble. Li sanble avè w. Ou se posterite Li. Konbyen moun ki konn sa? Ou wè?

265 Kounye a obsève. Ki fòm de vi ki pi ba nou genyen? Grenouy. Ki fòm de vi ki pi wo? Imen. Sètènman. E kisa ki fòm ki pi wo a? Sa te jis kontinye pwogrese apati de sa k pi ba, ap monte, apati de yon krapo a *tèl e tèl lòt*, epi jiska zwazo a, jiska, elatriye, sou fòm lavi ki pi elve, jouk li rive nan fòm ki pi wo sa te ka rive, alò sa te fèt dapre imaj Bondye. Men ni. E fanm lan pa t fèt dapre imaj Bondye, men dapre imaj lòm. Ou wè?



Bon, kounye a, men yo. E Bondye gade yo, Li di: “Wi, yo parèt—yo parèt bèl.”

<sup>266</sup> Kisa sa te ye, frè? Yo pa t dwe janm mouri. Se te jis premye ponyen kalsyòm, premye potasyòm, e tout bagay te komanse konsa. Èske sa pa bèl? Men peche te vini e li te gate tablo a. Bon, èske Bondye . . . Kisa Bondye te pèmèt li fè? Poukisa Li te pèmèt sa te fèt jan nou t ap pale toutalè a? Li te pèmèt sa pou L te ka pwouve ke Li te yon Sovè. Li te fè sa. Li pèmèt maladi rive, pou L te ka pwouve ke Li se yon Gerisè. Li pèmèt lanmò rive, pou pwouve ke Li te Lavi. Ou wè? Li pèmèt tout move bagay sa yo rive, pou pwouve ke Li bon, pwouve sa L te ye. Nou pral . . .

<sup>267</sup> W ap pale de chante istwa redanmsyon an! Ebyen, frè, kan Jezi vini, Legliz sa—sa va kanpe laba nan ekstremitè tèt sa epi chante istwa redanmsyon yo, pandan ke Zanj yo va koube tèt yo, poutèt yo pa konnen kisa n ap pale a. Ebyen, yo pa t janm pèdi. Yo pa konn ki tray nou te pase. Nou konn kisa sa vle di lè w te pèdi epi yo jwenn ou. O, èske nou ka pwoklame byen fò louwanj Li! Li pa yon Sovè pou yo. Yo pa t janm bezwen ankenn sali. Li pa t yon Gerisè pou yo. Non. Glwa! Li pa t—Li pa t Lavi pou yo. Non se sèten. Yo pa t janm mouri nan peche ak ofans. Se te nou menm, e nou te retounen gen lavi. Men nou. Kisa nou va di, lè nou retire kouwòn nou: “O, ou se Reveran *Entèl entèl*”? Non, non, non, non, non. Tout glwa pou Li! Se fini. Men ni. Alò nou va rakonte istwa a jan nou te ranpòte viktwa. N ap konprann sa pi byen nan yon ti tan.

<sup>268</sup> Alò, nan lè sa la, kisa k te pase? Èske Bondye te jis di: “Ebyen, M ka tou senpleman detwi tout potasyòm ak kalsyòm Mwen yo. Tout depafini”? Non, non. Li te konnen sa ta pral fèt konsa.

Bon, kounye a, si Sentespri a fè m sa m ye a, epi m manje manje pou m kenbe kòm, pou bati l vin sa m ye kounye a. Bon, malgretou, mwen te fèt nan yon fòm. Chak imaj Bondye te wè, anvan fondasyon mond lan, a matirite, vin materyalize. Ou wè? Sa soti nan yon fanm, jan L te di sa t ap ye a; pwochenn fwa a, sa soti nan Bondye. Fwa sa sa te vini, pa yon fanm; fwa sila sa te vini, pa Lòm. Ou wè? Fwa sa sa vini, pa yon dezi seksyèl; li vini fwa sila a pa yon Pawòl pale Bondye. Ou wè?

<sup>269</sup> La, kounye a, èske yon bagay ka fè m mal? Non, mesye. Pa gen anyen ki ka fè nou mal. Pòl te di: “Menm pami bagay kounye a, bagay k ap vini, maladi, lanmò; anyen paka separe nou avèk lanmou Bondye ki nan Kris.” Pa gen yon sèl bagay ki ka separe nou.

<sup>270</sup> Jan m te rakonte ti istwa a. Mwen jis gen apèn senk branch cheve pou m vin chòv nèt, konplètman. Mwen t ap penyen ti rès sa yo la kèk tan pase, madanm mwen di: “Billy, ou prèske chòv nèt.”

Mwen di: “Poutan m pa pèdi yon sèl nan yo.”

Li di: “Kote yo?”

271 Mwen di: “Ki kote yo te ye anvan m te genyen yo?” Ou wè? “Pe enpòt kote yo te ye anvan m te genyen yo a.”

Bon, te gen yon epòk, sa fè san lane pase, cheve sa yo pa t la ditou, men yo te la nan pousyè a. Èske se vre? Alò sa fè apeprè senkant lane, yo kòmanse ap vin sou tèt mwen. Kote yo soti? Nan pousyè a. E kounye a y ap retounen kote yo te ye a. Èske se vre? Yo pa t la, apre sa yo te la, e kounye a yo pa la. Kisa sa ye? Kisa ki te fè yo sa yo ye a? Bondye! Men Li. Li te pentire yon tablo, Li di: “Se fason sa mwen vle li ye.”

272 “O Lanmò, kote pikan w lan? Tonm, kote viktwa w la?” Ou mèt antere m youn nan jou sa yo isit la. M pa konnen. Men, frè, mwen p ap mouri. M ka di w sa. Non, mesye. O!

N ap resisite, (Alelouya!)

N ap resisite!

Maten rezirèksyon sa,

Lè pòtay lanmò a va brize,

N ap resisite, (Alelouya!) n ap resisite!

Pa gen anyen ki ka anpeche m resisite. Pa gen ase demon nan tout lanfè ki ka anpeche m resisite. Pa gen anyen ankenn kote ki ase pou anpeche m resisite. M gen pwomès Bondye. M gen Sentespri a. M gen Zoe, Lavi Etènèl Bondye, k ap repoze anndan la. Vye kakas sa a soti la, e Bondye te kouve tè a pou fè m soti ladann. E si Sila Ki te kouve tè a pou fè m soti ladann . . .

273 Lè m vin gen laj rezon, kounye a, chak fwa m tandè yon klòch legliz, Yon Bagay t ap pale avè m, m te yon ti gason tou piti. Yon Anj te pale nan yon touf bwa, pou di: “Piga w janm bwè oswa fimen. M gen yon travay pou w fè. Piga w souye kò w, oswa kouri ak fanm toupatou ak bagay konsa. Ou menm, Mwen gen yon bagay pou w fè kan w va vin pi gran.”

“Kimoun Ou ye? Kimoun Ou ye?”

274 “Ou va konn plis sou sa pi ta.” Apre yon tan, men Li ki te vini. Li te sispandi laba a lè batèm lan. Li montre Tèt Li. Li deklare Tèt Li. Li reponn. Mwen wè L kanpe laba, toupatou, tout kote.

275 Kijan w ap fè kapab, si Li fè m sa m ye a, san mwen pa t gen ankenn chwa ditou . . .? M pa t janm retounen la pou di: “Bon, Charlie Branham, w ap marye avèk Ella Harvey pou te fè m soti nan tè a.” Non, mesye. M pa t janm gen ankenn chwa sou sa. Se Bondye ki te fè sa.

E si Li te fè m sa m ye a, san yon chwa; konbyen fwa sa plis, lè Sentespri a pran ap kouve m, epi mwen di: “Wi, Seyè, Ou se Kreyatè mwen. Mwen renmen W, e mwen aksepte W antan ke Sovè mwen!” Kouman w pral fè kenbe m nan pousyè? Ou jis pa ka fè sa, frè. Ou jis pa ka fè sa.

276 Bondye pa t janm fòme yon sèl mòso nan kalsyòm sa, oswa potasyòm sa, oswa nenpòt lòt bagay la, ki te janm—janm gaspiye. “Tout sa Papa a ban Mwen, anvan fondasyon mond lan, va

vin jwenn Mwen.” Fyou! Mwen santi m anvi rele fò; onètman m santi m konsa. “Tout sa Papa a ban Mwen va vin jwenn Mwen, e ankenn ladan yo p ap pèdi, men Mwen va resisite l nan rezirèksyon.” Mwen te tandè apèl Li, lè m te vin jwenn Li. Kouman y ap ka fè kenbe m nan pousyè latè? Pa gen ase antreprenè ponp finèb nan mond lan ki ka mete tè ak yon pèl sou figi m, ki ta janm ka kenbe m nan pousyè latè. M ap resisite yon jou epi sanble avè L, lave nan San Li, ne ak Lespri Li! Alelouya! Pran tout denominasyon nou vle; m ap pran Jezi. Amèn!

<sup>277</sup> Koutye asirans lan te vin kote m. Wilmer Snyder, yon bon zanmi m. Li di: “Billy, mwen vle vann ou yon polis asirans.”

<sup>278</sup> Mwen di: “Mwen gen youn deja.” (Madanm mwen te pwonmennen rega li, kòm kwa pou di: “Poukisa w ap bay manti, gason?”)

Li di: “Ou gen asirans?”

Mwen di: “Wi, mesye.”

Li di: “Ak ki konpayi li ye? Se kiyès?”

<sup>279</sup> Mwen di: “Asirans Beni, Jezi se pa m, o, ala yon avangou glwa Diven an! Eritye sali a, yon rachte Bondye, ki ne ak Lespri Li, ki lave nan San Li.”

<sup>280</sup> Li di: “Se byen, Billy, men sa p ap mete w nan simityè.”

<sup>281</sup> Mwen di: “L ap fè m soti.” Alelouya! Mwen pa enkyete m pou ale la; se soti a.

<sup>282</sup> Kidonk, mwen gen asirans sa ki di m: “M ap resisite. Tout sa Papa a ban Mwen se pa M.” Mwen pa fè ka de sa papa m te fè, sa manman m te fè, nenpòt sa l te ye a. “Tout sa Papa a ban Mwen ap vin jwenn Mwen, e pèsonn pa ka vini san Papa M pa atire l.” Alelouya! Poukisa Li atire yo? “Mwen te konnen yo davans anvan fondasyon mond lan. Kan M te sakrifye Ayo a, Mwen te sakrifye l avèk Li.” Amèn. “Mwen te predestine Legliz la.” Kilès ki gen predestinasyon an? Legliz la. Kouman w fè pou antre nan Legliz la? “Pa yon sèl Espri nou tout batize nan yon sèl Kò.” Li te konnen, anvan fondasyon mond lan, ke nou t ap la. “E sa yo Li te konnen davans, Li te rele yo. Sa yo Li te rele, Li te jistifye yo. Sa yo Li te jistifye, Li te deja glorifye yo.”

<sup>283</sup> Nan Liv Bondye a, Li te gen tan di L ap rankontre m drèt la. Tout demon nan lanfè pa ka janm fè yo ale lòt kote ni anpeche yo dirije yo drèt la, paske Bondye deja di sa, e se regle. Si yon santèn milya lane anvan mond lan te janm fòme, zetwal maten yo t ap chante ansanm e pitit Bondye yo t ap pouse kri rejwisans, anvan te gen fondasyon mond lan, ou wè, anvan te gen fonda- . . . e Zanjan sa yo ak tout bagay te kontan, ap rele fò pou sa, anvan te gen fondasyon mond lan, kouman dyab la pral janm ka kenbe m nan pousyè latè? Li jis pa kapab fè l. Ou gen rezon.

284 Annou wè, kounye a. Se lè demokrat yo m gen la, bò isit la. Li fè onzè mwen ven. Li fè sèlman dizè mwen ven. Èske se sa, Frè Wood? Se kòrèk, dizè mwen ven. Tout moun kontan?

O, m santi tankou m ap vwayaje,  
M santi tankou m ap vwayaje;  
Kay mwen ki nan Syèl la ap briye epi li bèl,  
E mwen santi tankou m ap vwayaje.

O, mwen santi tankou m ap vwayaje,  
Mwen santi tankou m ap vwayaje;  
Kay mwen ki nan Syèl la ap briye epi li bèl,  
E mwen santi tankou m ap vwayaje.

285 Nou renmen ansyen kantik konsa yo? Te konn gen yon ansyen nou te gen abitud chante, yon bagay konsènan: “Gras ak mizèrikòd te jwenn mwen. La kote Etwal Maten an t ap briye.” Kisa sa ye, Sè Gertie? Ann eseye. Kouman. . . Kisa l ye, Frè Neville? Ou wè, yon bagay konsa: “Gras ak mizèrikòd te jwenn mwen. La kote Etwal Briyan Maten an t ap montre L. . . ? . . . toutotou mwen.” En-en. Wi. “Prè lakwa.” Bannou akò a, pou sa, sè, *Prè Lakwa*. Vini la, Frè Neville. O, m renmen sila yo. Konbyen moun ki renmen vye kantik enspire sa yo? Ou ka toujou gen tout sote ponpe boogie woogie ou vle. Ban m sa a: “Men kote gras ak mizèrikòd te jwenn mwen.” Se fini. Dakò, trankilman kounye a.

Jezi, kenbe m prè lakwa,  
San ou te vèse la,  
Pou l ka pirifye tout nanm,  
Ki t ap plonje ladann.

Prè lakwa, prè lakwa,  
Mwen vle toujou rete;  
Jouk Jezi vini cache m  
Pou L ka ban mwen lajwa.

286 [Frè Branham ap fredone *Prè Lakwa*—Editè a.] O, ala bèl! Pansè a sa! Sa k t ap rive si pa t gen ankenn Sovè? Sa k t ap rive si nou pa t gen Pawòl sa? E si Li pa t rele w? E si Li pa t konnen w davans, epi ou te deyò a la pami rès mond lan aswè a? Èske w renmen L? O la la! Pa bliye sèvis demen maten an, kounye a, a nevè trant.

Prè lakwa, prè lakwa,  
Mwen vle toujou rete;  
Jouk Jezi vini cache m  
Ban mwen lajwa. . .

287 Kounye a bannou akò sa *Gen Plas Nan Fontèn Lan*. Ansyen vye kantik sa a, “Gen plas nan Fontèn lan.” Konbyen moun ki konnen l? “Plas, plas, wi, genyen plas, genyen plas nan Fontèn lan.” Lè w ap chante l kounye a, trankilman tout bon jis lonje men w akote w, epi bay frè sa lanmen. Ou konnen, gen plas kounye a pou tout Metodis. Gen plas pou Batis. Gen plas pou Pannkotis. Genyen plas pou nou tout kounye a, nan Fontèn lan.

Konbyen moun ki konnen ansyen vye kantik sa? O, sèten ke ou konnen l. Kèk nan nou ansyen yo la, sa a se yon bon vye kantik Kentucky la.

Plas, plas . . .

Bay lanmen.

. . . wi genyen plas,  
Genyen plas nan Fontèn lan pou ou;  
Plas, plas, wi, genyen plas,  
Genyen plas nan Fontèn lan pou ou.

O, plas, plas, genyen anpil plas,  
Genyen plas nan Fontèn lan pou ou;  
O, plas, plas, wi, genyen plas,  
Genyen plas nan Fontèn lan pou ou.

<sup>288</sup> Bon, m gen yon ti sipriz pou nou. Tout dènye mesaj yo, ak liv yo, ak tout bagay, yo pral an vant nan lòt bout legliz la, semèn pwochè, pandan reyinyon yo; bann yo ak tout bagay, ak tout nèt, sou fòm bèl dokiman. Ap gen yon tab dèyè nèt la, nan youn nan pyès yo. E dokiman yo, ak dènye mesaj yo, ak kèk bèl literati ekri ki te soti a lorijin, sou fòm bwochi, nouvèl edisyon, yo tout ap disponib, epi nan—nan fen bilding lan, mèkredi swa pwochen sa a.

E nou espere yon—yon bon tan nan Seyè a. Vini, priye, kounye a. Bon, rele malad ak aflije pa w yo, ekri yo yon lèt. Fè yo vin isit la. N ap jis . . . Bondye pral jis aji an pwisans. E nou konnen Li pral fè sa la.

<sup>289</sup> E kounye a mwen t al wè tout moun ke m te konnen, ki te gen kèk ti bagay. Si gen kwakseswa sou chimen an kounye a, sonje, sa fè lontan m te di nou, nou te pral regle sa. Epi m konnen ke w konnen ke gen yon diferant espri isit la ke jan sa te konn ye. Ou wè? Ou wè? Ou wè? Se vre. Kounye a, piga nou kite sa chape ankò. Mwen ba nou chay sa devan Jezikri, piga nou kite l chape. Rete drèt la avè l, ou wè, jis kenbe tout bagay fèm epi kontinye avanse. Nou se frè. Se pa janm frè w oswa sè w ki fè yon bagay mal; se lespri dyab sa ki antre la. Ou wè, l ap pwonmennen. Jis gen pitye pou frè a oswa sè a, e pran konsyans se Satan ki glise nan mitan. Si w santi yon bagay parapò a sa, chase sa nan ou byen vit, ou wè, paske sa ap tounen gangrèn pou ou. Wi, sa va fè sa. Kidonk, rete lwen sa. Jis sonje.

Genyen plas, plas, anpil plas,

Gen plas pou Metodis yo, plas pou Batis yo, plas pou Prezbiteryen an. Gen plas pou tout moun.

Plas, plas, wi genyen plas,  
Genyen plas nan Fontèn lan pou ou.

<sup>290</sup> Konbyen moun ki sonje ansyen vye kantik pou fini nou an, la?

Pran Non Jezi a avèk ou,  
 Timoun ki nan lapenn ak nan malè;  
 Li va ba w lajwa ak rekonfò,  
 Pran Li tout kote w prale.

M swete ou te ka rete avèk nou, Frè Jeffreys, ou menm ak Sè Jeffreys, ak ti mesye yo la, ak tout lòt yo.

E apre sa nou koube nou devan Non Jezi,  
 Tonbe fas atè nan pye L; (O, la la!)  
 Wa tout wa nan Syèl n ap kouwone L,  
 Lè vwayaj nou va fini.

Pran Non Jezi a avèk ou,  
 Pran L jodi a kòm yon Boukliye;  
 O, kan tantasyon va vini pwòch,  
 Di Non Sen sa nan lapriyè.

O, mwen renmen sa. Ou menm tou? Non mèveye Jezi sa!  
 Kounye a, annou leve kanpe kounye a menm, pandan n ap chante  
 kounye a. Dakò.

Pran Non Jezi a avèk ou,  
 Timoun ki nan lapenn ak nan malè;  
 Li va . . . (. . . ? . . . )  
 O ala dous!  
 Espwa tè ak lajwa Syèl la;  
 Non presye (O, Non presye!), O ala dous!  
 Espwa tè a ak lajwa Syèl la.

<sup>291</sup> Sa a on ti jan diferan kounye a. Annou jis bese tèt nou kounye  
 a, epi trankilman tout bon, annou leve yon men, di:

Nan Non Jezi a n ap koube,  
 Tonbe fas atè nan pye L,  
 Wa tout wa nan Syèl n ap kouwone L,  
 Lè vwayaj nou va fini.  
 Non presye, O ala dous!  
 Espwa tè a ak lajwa Syèl la;  
 Wi, Non presye, O ala dous!  
 Espwa tè a ak lajwa Syèl la.

<sup>292</sup> Avèk tèt nou toujou bese, nou di . . . [Frè Branham kòmanse  
 fredone *Pran Non Jezi A Avèk Ou*—Editè a.]



*POUKISA NOU PA YON DENOMINASYON?* CRE58-0927

(Why Are We Not A Denomination?)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on samdi swa, 27 septanm 1958, nan Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)